



Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Jaka Sumarandana

R. Soeparmo  
Sudibjo Z. Hadisutjipto

ktorat  
yaan

artemen Pendidikan dan Kebudayaan



099.7732

AK

**JAKA SUMARANDANA**

PPS/Cr/5/80

Milik Dep. P dan K  
Tidak diperdagangkan

# JAKA SUMARANDANA

Alih bahasa

**R. SOEPARMO**

Alih aksara

**SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO**



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah  
Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN	
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL	
Nomor Induk :	459 / 484
Tanggal terima :	24-7-2004
Beri/hadiah dari :	Proyek PBSID
Nomor buku :	
Kopi ke :	1

2472  
24-4-09

## KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Cirebon, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISINIPUN

1. Dhangdhanggula .....	13
2. Sinom .....	31
3. Kinanthi .....	51
4. Dhangdhanggendis .....	70
5. Sinom .....	86
6. Dhanggula .....	97
7. Sinom .....	103
8. Kinanthi .....	108
9. Dhanggula .....	131
10. Sinom .....	161
11. Kinanthi .....	174
12. Dhangdhanggula .....	175

## KATA PENDAHULUAN

Buku dengan judul JAKA SUMARANDANA ini aslinya ditulis dengan huruf Jawa Cirebon berbentuk tembang (syair sastra Jawa) dan tidak diterangkan siapa penggubahnya.

Di dalam menggubah cerita dalam bentuk tembang ini, gubahannya banyak sekali mengandung gaya atau permainan dengan kata-kata, atau tepatnya dengan konsonan yang diulang-ulang dalam beberapa kata dan di dalam Bahasa Jawa disebut dengan nama "purwa kanti", artinya satu konsonan atau lebih dalam kata-kata yang digunakan secara berturut-turut, sebagai hiasan sastra dalam gubahan. Sebagai misal dapat disebut "kojur kajat kajujure jejeg kajoran", suatu permainan konsonan k dan j yang sebenarnya tidak banyak artinya selain "kalau mau jujur", namun memberikan hiasan sastra dalam gubahannya. Contoh lain misalnya:

"gentuse kewuh kuwate kuwot kawulu-wulu tan kaweleh wilanganing", permainan konsonan k dan w, yang keseluruhannya hanya berarti: tubuhnya kuat penuh bulu tak ada bandingnya." Dan gejala sastra "purwa kanti" diteruskan hampir di seluruh gubahan.

Sudah barang tentu hiasan sastra berbentuk "purwa-kanti" itu tidak dapat dialihbahasakan ke dalam Bahasa Indonesia dengan bentuk yang sama. Namun bagaimanapun dalam alih bahasanya diusahakan jangan sampai menyimpang banyak dari makna serta isi, seperti tercantum dalam gubahan aslinya.

Isi buku ini merupakan suatu cerita atau lebih tepat suatu dongeng, penuh dengan khayalan dan makhluk-makhluk badan halus atau lembut dengan segala mujijat dan kelebihannya daripada manusia biasa. Namun dalam sifat dan tabiatnya digambarkan sangat mirip dengan manusia biasa dengan segala sifat tabiat "kemanusiaannya."

Dan karena ceritanya mengenai badan halus atau lembut, tak usah diperkirakan bilamana yang diceritakan itu mung-

kin terjadi, karena memang tidak pernah dan tidak akan terjadi di dunia manusia. Jadi hal yang terakhir ini tak usah menjadi persoalan bagi siapa pun.

Mungkin dongeng dalam bentuk "tembang" ini digubah semata-mata sebagai cerita "fiksi" belaka, tetapi mengandung suatu pesan dan dapat "didengarkan" di waktu senggang atau sebagai bacaan "macapat" secara bergilir sewaktu ada kumpulan antara para penggemar "tembang macapat", hingga pesan tersebut dapat lebih meresap.

Ceritanya sebenarnya sederhana saja, tidak berbelit-belit, hanya penuh dengan uraian secara puitis mengenai watak seseorang, keindahan alam, keseraman keadaan, kebagusan pakaian, keindahan wajah putri ayu, dan sebagainya.

Cerita dimulai dengan Kerajaan Siluman Setraganda, yang agak mirip dengan "Setra - ganda - mayit" dalam pewayangan, yang berarti "padang atau medan berbau mayat", dan merupakan kerajaan Dewi Durga, istri Batara Guru dalam pewayangan, namun di sini yang menjadi raja ialah Sang Pramesti (juga nama lain dari Batara Guru) dengan permaisurinya Nyi Gede Setraganda.

Sang Raja mempunyai dua orang putri bernama Dewi Lodaya dan Dewi Tunjungbang. Kedua kakak beradik itu berwajah ayu, pandai bersolek, dan telah ingin mempunyai jodoh. Pada suatu percakapan, keduanya menagih janji ibunya untuk mencarikan suami, mengapa janji itu selalu ditunda-tunda. Dan Sang Ibu berkata, bahwa jodoh mereka sudah dipastikan, maka itu supaya mereka agak sabar. Sebab sebelum mereka bertemu dengan jodohnya, akan bertemu dulu dengan seorang jejak, berasal dari Roban dan bernama Jaka Sumarandana.

Sementara itu di Roban memang terdapat seorang jejak bernama Jaka Sumarandana yang sedang bertapa brata di hutan Roban. Dalam bertapa itu ia bermimpi berjumpa dengan dua putri siluman yang berkerajaan di Lautan Selatan (Segara Kidul), bernama Dewi Lodaya dan Dewi Tunjungbang. Segera Sang Jaka jatuh cinta kepada kedua putri itu, dan akhirnya mengambil keputusan untuk mencari dan melamar kedua

putri tersebut.

Dan berangkatlah Sang Jaka meninggalkan Roban. Diceritakan pula bahwa kedatangan Sang Jaka selalu dibarengi dengan adanya awan di langit dan angin yang bertiup sepoi-sepoi basa.

Kedatangannya di Setraganda mula-mula disambut kedua putri dengan rasa curiga. Namun setelah bertemu dengan ibunya, Nyi Gede Setraganda, Jaka Sumarandana diterima dengan sangat baik dan ramah, bahkan diambil sebagai anak angkat oleh Nyi Gede dan dikakakkan kepada kedua putrinya, Dewi Lodaya dan Tunjungbang, tetapi tidak diterima sebagai menantu.

Pada suatu ketika, sewaktu mereka berempat bercakap-cakap, Nyi Gede Setraganda menjelaskan mengapa Jaka Sumarandana diterima sebagai anak Nyi Gede sendiri, namun tidak sebagai menantu, karena kedua putrinya itu telah dipastikan jodohnya, yaitu sesama badan halus dari Gunung Siluman, bernama Sukmandara dan Sukmandari.

Mendengar penjelasan itu Sang Jaka kurang puas rasa hatinya dan pergi ke taman sari. Di sana, untuk mencurahkan rasa rindu hatinya ia membuat gubahan kidung, ditulis di atas kulit bambu kuning, dan dikaitkan pada dahan pohon nagasari, dengan maksud agar dapat ditemui oleh kedua putri idamannya.

Sementara itu diceritakan kedua jejak siluman dari Gunung Siluman, bernama Sukmandara dan Sukmandari, yang mengetahui pula bahwa bakal jodohnya dikatakan Dewi Lodaya dan Dewi Tunjungbang dari Negara Setraganda di Lautan Selatan. Kedua satria siluman itu gagah perkasa lagi sangat sakti, dan ke mana pun bergerak, mereka selalu diiringi angin taufan dahsyat dan hujan maha hebat, yang merusak segala yang diterjangnya. Setelah kakak beradik itu berunding, lalu bersepakat untuk bersama-sama pergi ke Setraganda dan memining kedua raja putri yang cantik itu.

Di Setraganda, Dewi Lodaya dan Tunjungbang menyusul kakak angkatnya ke taman sari, dan menemukan gubahan kidung yang tercantel di dahan. Dan kini mereka mengetahui be-

nar bagaimana perasaan Sang Jaka terhadapnya, dan mereka sendiri pun menaruh cinta terhadap Sumarandana. Maka terjadilah perpaduan cinta asmara antara Sang Jaka dan kedua putri yang cantik itu.

Sementara itu Nyi Gede Setraganda, untuk memenuhi permintaan jodoh kedua putrinya, pergi bertapa brata untuk mendatangkan kedua satria siluman yang bakal menjadi suami kedua putrinya. Dan datanglah Sukmandara beserta Sukmandari di tempat pertapaan Nyi Gede. Mereka kemudian dibawa ke istana Setraganda dan akhirnya dikawinkan dengan kedua putrinya.

Dan Jaka Sumarandana, pada waktu kedatangan mereka itu, walaupun telah bercinta kasih dan memadu cinta, merasa insaf bahwa dirinya sebagai manusia memang tidak layak beristrikan "badan halus", dan pergilah Sang Jaka meninggalkan taman di Setraganda. Dan betapa pun pedih rasa hati, akhirnya kepedihan itu dapat dihilangkan dengan mukjijat seorang waranggana atau bidadari, dan bebaslah Sang Jaka Sumarandana dari segala kepedihan dan kedukaan hatinya.

Dan cerita ditutup dengan manfaat apa yang dapat dipetik dari dongeng lembut ini.

## 1. DHANDHANGGULA

1. Kodal kaduk kadereng durunging  
bisa basa basukining ujar  
kojur kojat kajujure  
jejeg kajoran retu  
kateletehan tutuman ing  
ora esak kasarang  
sering anrang sirung  
saranta ana dhemena  
dhamang ing angrungu ing pasambataning  
abaning kalindrisa.
2. Guladrahan tan wruh ngedhong-edhing  
ngedheng angadhang olih tutular  
ing sujana ing benere  
ambanar ing luluput  
lalaluya layak ing belih  
pantesing kaprajaa  
anjajakken bawur  
bawaning asalewuran  
luwanging wong kang kudu kodal kadeling  
dinulur ing acabar.
3. Supaya andarungaken maring  
kamangkaran ing ati bulana  
tinemu kabenerane  
**tibaning ginaguyu**  
gawaya ing paksa umangkit  
ambangkat ing pawarta  
wetuning atutur  
anenggeh kang kabyatitah  
sira kang amadadya tuhu ana ing  
kayangan Setraganda.
4. Andungkap lengkep tanpa kurang ing  
kang asrama dhasaring sagara

ing Sagura guriyange  
yah sang Pramesthiguru  
koyuping apa kayora ing  
intarena raharja  
arjuning alungguh  
leganing kinadanganan  
angreh ing amuter sakehing dhedhemit  
kabawah kaparentah.

5. Tangara kang wis olih lulusing  
sinadyan ing sang Jaka Amawa  
ing kaprabawan tekane  
tungkus tangkas ing kewuh  
tan kewran ing ngala arepit  
limpat sakyeng sunyata  
sakeng wisaya wus  
awas prayogyana sira  
lir asanggraha len lokika kolab ing  
lebuning jagad raya.
6. Tan reyon liyaning angarani  
nityakken tekaning kawibawan  
**kamaduman darunane**  
leker nungkusa kukub-  
aning ambaning ernawa wis  
kagem ing kalih asta  
saestu kakukup  
kekeling tanpa wiwolah  
**walatra pamatara tutuning olih**  
luyuting pamarenta.
7. **Menyal kodal kendeling sinakti**  
prasipta satuhuning gunanta  
gentusing kewuh kuwate  
kawot kawulu-wulu  
tan kaweleh wiwilanganing  
dibyaning kabudayan  
yakti ora korup

kareping kang amamad  
mandi panduming tuwuh tana mbandhingi  
badharing kawidagdan.

8. Dadya ing tanpa siring serenging  
sarananing akundhangan dewa  
daweg ing mangke wayahe  
darbe kakalih sunu  
seneng sanalika laganing  
kang umulat lir penda  
kaduking anemu  
nayakaning kasawargan  
sanggone esthi ingaran widadari  
Supraba Tilottama.
9. Temening dadi sambat eluning  
mangke mangkana mageng winastan  
Dewi Lodhaya wastane  
ingkang anem jujuluk  
Raja Tunjungbang kang mastani  
pangelalaning kang war-  
ta wetuning suhur  
suwarnaning adi langka  
lengkeping netya sun sundel menang amanis  
Wones ing pasariran.
10. Ragi ing celak cela tan olih  
palaning pantes ing saniskara  
kabeh kapari polahe  
ora iwang tiniru  
**teraping asilah saliring**  
rribaning wadana  
dumuning ing luhung  
lumrah endahing winuryan  
yayah lir pendah ing sapattha pandusi  
tulis gambar lepiyan.

11. Pinadhakena ing sasungkuning  
langit langkara mangsa oliya  
layaking ana empere  
kawastara karuru  
rarsing netya cangkilinging  
cangkulang mara tangan  
katenger ing semu  
sumonggon kang linadakan  
duk katekan tangara pambebedaning  
dyadi doning tan ningwang.
12. Tewasing binelanan ing pati  
tumiba pantes Rara Tunjungbang  
ambil angambul mubale  
dhemem asih alulut  
wontena kang kawengan pasthi  
estu tinggal nagara  
gereteh ing tuduh  
kadereng ing winawuhan  
wayaganing mari tan kena yen belih  
muputing aparastra.
13. Atrah satatraping suwarnadi  
ado manising kilang kelangan  
kalong ing embun tibane  
kasor kengser kasungkur  
sungsating ora ambandhingi  
angendahena rupa  
sarempuging ayu  
kaya ora na cinacad  
cucud tumarimah-ing manis agurih  
ora na kakurangan.
14. Korug ing gumaregeta kening  
ati sawawantoning ora na  
bosen sadina-dinane  
sinandhinga pinangku

pinangana raina wengi  
pangidheping umulat  
mulung ing pandarung  
deres drunaning anilas  
sedheting liring lir reh rinenggeng manis  
netra bintit agalak.

15. Kagelung nging ora na winanci  
pracina tan cene ing acedha  
candhala dalah wuwuhe  
wiwidaning atuwuh  
tutuwone tawa wantuning  
tanjek kinaemanan  
temahing panggunggung  
gangganga sakedhap netra  
kelangan ing ati amanasbarani  
yen ora angarasa.
16. Kenaning dinalih laladaning  
liringa muksa kinedhepena  
ing panalika langkane  
ing kakuning kadulur  
dalaning busana sakehing  
kang rinasuk pantesan  
saranta anemu  
kuranga ora esakan  
kabeh kang sinandhang dadi sumbaganing  
angadi tyas winulat.
17. Mulaning dadi sambat eluning  
kang padha kawengan ing pawarta  
Dewi Lodhaya rupane  
gandhang gandes ing tutuk  
katunggon ing asema manis  
wenes netya lir pendah  
padhaning anemu  
tatambaning lesu lupa

parantining lebar kajoran bawaning  
waras segering badan.

18. Binadhe ora tinub sakehing  
wawanton reseping kadoyanan  
yakti ora na emohe  
sadinane ping sewu  
sumilih ing raina wengi  
angadhanga kang sungkan  
sakyehing andulu  
dalaning binenggana  
ngantiya nilas tulusing ora asih  
sengkaa menangana.
19. Inggang menangana inggang belih  
ngelih angelak ora arepa  
angrengko-rengko karepe  
langkaraning ngalulut  
laladanan ndarung akening  
kang ening pangguranggam  
gawe ing pangambul  
ambiling ati kawayang  
wayagah saungguh ing papantesaning  
tibaning kinadaman.
20. Amandekaken panulatening  
pangupada dadalaning mawa  
mawuhi kabeh kenane  
kapati brangta wantu  
watek tinub payuyunening  
ing ngadhang kaduluran  
tur adining semu  
tansah maring kasumbagan  
bageyaning anilas netya cucuding  
akundhangan banteran.
21. Bantahing angulati kuranging  
satindak jangka jokoting esak

kengser satitimbangane  
timbuling ora nemu  
tumona ingkang angiribi  
malah kadi rebutan  
tan iwang tinangguh  
tunggaling ora salaya  
lan Rara Tunjungbang supaya kacek ing  
lantap Dewi Lodhaya.

22. Angulatana ing sasungkuning  
akasa sake sangkaning ora  
mendhak ing sapapantare  
pan dhalanging karuruh  
rarasing pasariran kuning  
kena ingucapena  
pantaring dinulu  
lukaring prada binabar  
bebes angulatana sapapantaring  
kaya mangsa oliya.
23. Oliya winayagah kanten ing  
tungtung areneh mangsa renga  
ingangge-angge bawane  
pamawane kajangjur  
anjajaken pangguramening  
luwe liwat ageya  
pinangan pinuluk  
lulungguhan ning tan drana  
nututena panadya kajoran dening  
dinum ing kinabelan.
24. Bulana sapadang panginanging  
angon ing marem ora na pisan  
saking ijab-ijab kehe  
pirang-pirang anggunung  
genahing kapengen ning geulis  
sinapa winawuhan

wayaganing tanggu  
sisipa mangsa karaha  
karoban prabawaning angilayeni  
maring Dewi Lodhaya.

25. Kayaktening katomih temahing  
pantes sing ora duwe isinan  
ing panalika pasange  
sang adining atuwuh  
tumrapping nggon rame anepi  
sapidhaning kang ana  
kadingalem wuwuh  
ing tapakaning dumamah  
dumelingsing laring anganggokaken ing  
ati ora na pisan.
26. Pasanging amikukuhi tolih  
ngendakken ingkang kumalasepa  
sipi oli badheyane  
bedharing Wirasantun  
kewes ing nggon angin anginging  
angenakaken eman  
ing asih alulut  
lire samangko kang kocap  
Nyi Gedheng Setraganda kalaning lagi  
linggih len kang atmaja.
27. Atmaja kalihe liwat dening  
nggening ababancanan ambriya  
enggal ing jatukramane  
binubuden kang ibu  
bawa mukti kawibawaning  
rasmining akaliyan  
kalingganing atur  
wanter malar sinambadan  
denira sang Gedheng Setraganda maksih  
pasang sinamadosan.

28. Amuwus Setraganda dhateng ing  
Dewi Lodhaya Rara Tunjungbang  
ujarisun sakabehe  
ing kang uwis kawetu  
ora nadya ing anggingsiri  
upama besuk ora  
ana kang tinemu  
yaktining ababancana  
kena isun ing pacetrakaning wisthi  
saestuning wong ala.
29. Mulane masih sun samayani  
reh pandelengisun masih rada  
ado tekane marene  
yadyan anaa tuwuh  
saliyane kang angarepi  
kaya ora agampar  
pakenaking laku  
langka kararjan kajoran  
kojuring jejeran dudu papasthening  
kang saking Sangyang Rudra.
30. Adowa sadhidhik dhadhakaning  
nilas tulusing kinadanganan  
ing para dewata kabeh  
iku ing kang sunduru  
bara ing kang tunggon aolih  
lulusing jatukrama  
kumelet ing tulus  
**telasing asisiniyan**  
angnayo naya padha kapanduma ing  
dumana ing pangeman.
31. Amratanana sapakenaning  
anuju karo kinasihana  
seneng salawas-lawase  
sasangganing pamuhung

pangarasaya jaga wehing  
cedha candhala delap  
pa ingkang amengku  
mangkana maning ambriya  
katon satitah dadi kasumbaganing  
wadon kang pinilala.

32. Lalagan lega pangaji-aji  
anjajakena asrah gulingan  
ilanging pakarepane  
parantining kinembul  
lebar aja duwe karep ing  
wanodya ingkang liyan  
tan kolu kasurup  
kaserang seringa sira  
sarupa kanta katon aja na maning  
wadon liyan sing sira.
33. Sarana aja pamantra mandi  
mandene ora na patining war  
tuwuha saking mangkene  
mangkana ujarisun  
mulaning anganti mulunging  
dewa dawaning esak  
kasok ing rahayu  
kaya ta bangiwen sira  
dalah ing mangke masih sun samayani  
saking bangeting eman.
34. Kaya ta iki kang arep lagi  
nekani Kayangan Setraganda  
saking Roban pinangkane  
yen ana guruh kidul  
kadeling lat tur mikatoni  
aran Sumarandana  
dinum ing katunggu  
tatagan kapatibrata

wetuning anyandhang asmara kalaning  
ing sajroning supena.

35. Kenaning sadya ing anduweni  
nityaken pakarepan kosiya  
yakti tinemu dhemene  
tumamaning kumudu  
adreng ing andarungaken ing  
impen kang ingulatan  
lunaning pamberung  
bara oliya ing liyan  
saking sira Dewi Lodhaya kang denprih  
**kapapag kabaulan.**
36. Bula ing ana segang sanggoning  
gumampang kapranan sihing ora  
kuranga kangen-angene  
kena prabawa wantu  
wantahing apa pati urip  
kudu ing winawuhan  
wayagahing tuhu  
katulatening pangarah  
kapangaruhan dening sira sayekta  
ara amanakawan.
37. Iku ta dudu ingkang pinasthi  
teka ing pambedharing asmara  
mari kalesan dheweke  
wewekaning kapaung  
ingapura parantining sih  
kang ora kinadamang  
de sang Bayu Guruh  
rarasing binayangkara  
karuwaning ora anekani saking  
dudu ingkang dinuman.
38. Maratanana saporantining  
pasewakan sangke menangana

ing atinisun mulunge  
malah malah yen tuwuh  
tewasing miutangaken ing  
mung kena ing sakadang  
ing wong sumadulur  
dalaning pinracayanan  
kena ing pamalara mulusing asih  
ing sangkaning kumanak..

39. Panalika lakuning sairib  
sarupa lawan Sumarandana  
kena ing kabagusane  
ingaranana tuhu.  
widyadara tumurun saking  
Kayangan Bandarakta  
wanter ing alungguh  
lungiding natya katawang  
tiwas yen ora nana dhemena asih  
ing asaling pinangka.
40. Atmajanira Dewi Artati  
titising sragala apangaran  
jegu sajeg pangawruhe  
Sumarandana tuwuh  
kendhang saking sasana ngambrih  
pati pantaring merang  
pareka karungu  
aja ing utara jalma  
lagi ing suket godhong kuliayang aking  
kang kasampar kedekan.
41. Kedaling akandel kaduhunging  
kasongan kedekaning buntala  
tulusing isin sangkane  
nukma ing Gurukidul  
dumama angayangan maring  
Roban lebuning ora

na ingkang jinujug  
jejeging uliyang simbar  
saban ing mangsa kapat kapatya dadi  
lalangenaning mangsa.

42. Sayakti kang dadi tinemuning  
tengtre ming pamedharing asmara  
saking lor kulon tekane  
ingkang sunu sang Prabu  
Galuh kalaning Dewi Sangsri  
kena ing pacengtrakan  
sing syarga katurun  
darunaning kalap garwa  
mala kongsi lawase ing anduweni  
anak roro alanang.
43. Wuruju aran sang Sukmandari  
kang tuwa mangaran Sukmandara  
karo iku duduwene  
ingkang tuwa amengku  
amumponi medaning angin  
kang anom iku wruhnya  
ing medaning banyu  
asrah mangarsa sileman  
iku kang kinadamang de sang Pramesthi  
sestune jodhonira.
44. Besuk yen kala ing anekani  
kena ing cinagaraken ana  
prabawa turun tekane  
ing pancawura lisus  
suwening awor lan tibaning  
udan gedhe akeh ka-  
yu kang padha rubuh  
rebah kasrang kabaratan  
watek wetuning akundhangan dhedhemit  
dhadhakaning kasaktyan.

45. Satuhu tan iwang amumponi  
 kayangan ing Arga asileman  
 malah dadi ing pantese  
 ing satindaking laku  
**langka ora keringan dening**  
 gara gara wikara  
 karoban ing mendhung  
 tan mendhak mandi angenak-  
 aken ing pituruning udan lan angin  
 anilas ing widagda.
46. Dadi lalanang kang kasongan ing  
 langit langka kang amadhanana  
 ana sadhidhik pantare  
 papatutaning tanggu  
 tanggap tanggel ing baya pati  
**wawanton amuter rat**  
 rit tan ginawe wuh  
 kuwat kolabing wirasat  
 rasuking kasogatan gentusing wani  
 wenang ingaranana.
47. Dadya papakuning rat korug ing  
 tinaha taniwang ing katawang  
 weweka akeh angkohe  
 kuku kakat angukup  
 kekeling akal kadulur ing  
 ora na`kinulapan  
 parantining tuhu  
 tawa ing saliring ana  
 kaya pa isun nora resepa olih  
 mamantu nganak-anak.
48. Yen ana pracandha wurahaning  
 udan ning ora mendha tumeka  
 ing Setraganda padhange  
 pasthi ing ora wurung

kawruhaning katon sayakti  
tapak wayang-wayangan  
wayaganing tangguh  
tewasa linadenana  
sapakarepaning wong arep arabi  
angarepaken sira.

49. Atmaja kalih myarsa wuwusing  
pitutur tuhu manah kalintang  
pinracantenan sagunge  
pangandikaning ibu  
tan kabekting tanpa bebaking  
timbul tambuhing sabda  
ing saderah durung  
cidra candhaking ageya  
gumereh gareteh teteh tetelaning  
warta minangkanana.
50. Yanten kang lagya winuwus malih  
sira sang Jaka Sumarandana  
dununging ati wantere  
wantuning kapiluyu  
layaking dadi kelingan ing  
kangen kang ora mendha  
mandining kalurung  
lir wong kinonjana papa  
amuput pati pantar bosen yen masih  
urip kaparan lara.
51. Anglalara liliraning ambrih  
senggang sanggene mangsa nemuwa  
dhadhanganing sadhidhike  
duduganing kalalu  
**kalalen ing padum pamilih**  
amalar ing kawengan  
kalaning aturu  
katon tinemu kalawan

Dewi Lodhaya datan iwang adadi  
pupundhening ernawa.

52. Pamawane anglarugaken ing  
kangen semangsa-mangsa anaa  
katon katunggon tanggape  
prabawa wantu-wantu  
wantah langka ana alili  
lilironing anamar  
panamuring wudhung  
kawayang andina-dina  
andawakaken saparanti akahing  
akundhangan asmara.
53. Saranta i menangana toli  
tilala gelunganing angajap  
kaju ing tingkah kiyenge  
kayenganing pandarung  
kadereng darunaning ambrih  
angambah ing dhadhangan  
tangaraning weruh  
warasing kang linakonon  
kena ingucapena ora anglirik  
lara larug ing baya.
54. Wayagah agawe palayuning  
laku lengkep agawe karana  
karoban ing wiwitane  
kapati brata metu  
puseng pasang paseking belih  
karuwan kang simadya  
sang Jaka angungun  
ngulati paraning tindak  
kedek kadurung ing mendhung kalangening  
komper ing babaratan.
55. Tan iwang dadi pasambataning  
brangta ambawur wanter amawa

mesi ing langit langute  
angembehi sumawur  
suwe-suwe ilang kemper ing  
angin-angin aning mang-  
sa turuning laut  
ing pangudyasmaranira  
kang lagi kasandhangan ing brangta kingkin  
kakungkungan asmara.

56. Mara mega anuduhena ing  
kayangane kang sun sambat-sambat  
manawa tinemu nggone  
kawenganing angrungu  
isun sadya arep tut buri  
saparan paranira  
mega ingsun milu  
mbok apa baya dhamanga  
wawu-wawuhan aja ngediraken ing  
sumakeyan nininggal.
57. Gegela maring kumayangyanging  
lir ngajap langening tawang tuwang  
ing apa ana wekase  
ingkang lagi sun tamu  
katemahaning anglakoni  
pati patut ing mangsa  
kawartan angrungu  
angulatana sajadad  
jujuganing ora liwat amenangi  
kasandhangan ing papa.
58. Muput ing babangkaraning olih  
binadheningan mung ora liwat  
anglakoni lara bae  
lire kang kaya isun.  
baya ta durung uwis saking  
bocah dalah wis tuwa

katuwuhan kaduk  
kodal akadereng amalar  
pamuhunging kawilasan ingkang belih  
mantra tinemu pisan.

59. Saranta rente katularan ing  
tanjek tanjaking kinagegelan  
ing pisan kala wetune  
jar kawarta kasuwur  
kasarang ing tinampik-tampik  
tapakaning tan layak  
layuning kasingu  
saenggon mangsa payuwa  
supaya amaksa andarungaken ing  
ati anom-anoman.

\*\*\*\*\*



## 2. SINOM

1. Karasa wis ora bisa  
pangulataning kang dadi  
dalaning senggang sakedhap  
kadhepan kaandhapan ing  
badan binadhe toli  
anaa sudi amupu  
papantaring binuwang  
bula pantes angambah ing  
anamar amor ing Kayangan Tunjungbang.
2. Pan dhalanging panglangkara  
karane adoh wekasing  
kasasarana kang mawa  
sengganging ati samendhing  
ora nana endhaning  
mendha pamuringing tambah  
kang tan barana mawa  
muwuhi laraning ati  
metu ora na menu kang mawa egar.
3. Angger-angger reking lara  
ing panglarug laraganing  
**yen ora padha gawea**  
eling ingkang sun ulati  
yen uga pangrasaning  
ati kang katon karungu  
kaya amor toliya  
arupa kang sun kangeni  
pantes kaprabawan dening kang sun ajap.
4. Pratandhane silih apa  
ora angenengaken ing  
wetuning amenggah mengsah  
maksaa sambat kang lagi  
tinub kawibawan ing

langening Sagara Kidul  
kodaling suka wirya  
wayagah kaungguhaning  
kamuktenira pan kabe wus kawruhan.

5. Lumaku ing kamangkara  
panadyaning kumawani  
angajap saking kadohan  
weruha rasaning olih  
kawengan amenangi  
sudia mawuhi ingsun  
aja tansah amawa  
gawe lara tutuwoning  
ati mangkana ing tyas yan angucapa.
6. Mangke sang Sumarandana  
lagi diweg ing kalaning  
karsa kendhang sing kayangan  
Roban lesu ning Manawis  
pupugas wasananing  
anyandhang sedhenging tuwuh  
katawan ing alara  
lire apa pati urip  
musna tanpa katingal tengering wiyang.
7. Ucapen Dewi Lodhaya  
kalaning alinggih sami  
layan Ken Dewi Tunjungbang  
kang medhek meng cethi kalih  
kembar istri wastani  
pun Mega layan pun Mendhung  
kalangkung kinasihani  
tan kenging ginggang atebih  
sadintene medhek wonten ing ngajengan.
8. Puputren ing Setraganda  
ri sedheng ing mangke lagi  
angenggaraken ing manah

pandayaning ambrih olih  
lantaran memba maring  
taman wasta Batulisung  
mbekta ing kumarasan  
rasuking adi langkaning  
langkung ing sekaring wijayakusuma.

9. Sumarambah ing winulat  
ing sakukuban bawaning  
tilasing kinapitangan  
tuwuh tinon lalanging  
panjrahing sarwa sari  
sarupaning kang dinulu  
dinalan ing dinuman  
dumeling liliraning wit  
wasananing esak sapadhaning taman.
10. Temuning ganda mrik kongas  
kengis ing arum awangi  
ngebeki ing saunggyannya  
anungku nekakaken ing  
pananangi ngunguning  
unang kenaning awuyung  
kawayang sumandhinga  
sedheng adreng darunaning  
lire lara tan pegat nandhang samara.
11. Paran dalam ambrih kena  
panglilipur puwaraning  
senggang sanggoning amawa  
aweh ing panglilimpining  
linalambon langening  
arusing Sagara Kidul  
kadeleng kaduluran  
laraping ombak nempuhi  
kikisike sak resik tampingan prang.
12. Pangronging guwa awera

warana kasongan dening-  
sigrong panggenan angungang  
ing tepi katempuh dening  
wari walatrah dadi  
dibya dening wis kasuhur  
sumarambah lir penda  
jawoh jawa rehning luwih  
winulat lepitaning parang katawang.

13. Tuwuh ing kanyaka ya ta  
wantering kang ingupadi  
sapadhaning lir sinipat  
sapantar tan na siwah ing  
sawawanton wetuning  
tan sala dhuhuring kayu  
kaya awe panggremga  
ungguhing winawas saking  
Nusa Batulisung tuduhing araras.
14. Araras reresing ombak  
kapyarsa sambung mandraning  
lir gereh ing mangsa kapat  
pan nedheng nuju kalaning  
terang padhang ing langit  
languting asrama samun  
sumemburing udaka  
dumeling dumilang wening  
winuwuhan adi dinum ing palaga.
15. Kasogatan ing unggyannya  
angenakaken tibaning  
timbul embuh ingkang ketang  
katon ing saniskaraning  
karoban ing tuwuhing  
lalangen adining laut  
langut lesan katawang  
tewang panuju nujuning  
selat asilut singluk silem talata.

16. Kasrambahan jaladara  
deres kemper kasilir ing  
angin angeneh tan iwang  
awehing amawa toli  
alantaran wetuning  
pangangen-angen angungun  
anggugah ing abrata  
panjrahing watu pasanging  
nyukulaken pangrasa kang ora-ora.
17. Karana Dewi Lodhaya  
tumbuh tibaning amuring  
kalih sang Rara Tunjungbang  
kaya kilayua maring  
mega ingkang kasilir  
pangrasaning tumbuh-tumbuh  
muwus Dewi Lodhaya  
kang rayi dipuntakeni  
satemene atinira aja bobat.
18. Ing samangsa iki sira  
aduwe pepengin belih  
barang sire atinira  
**tuturen yah aja kelid**  
padha atawa belih  
sira lan pepengenisun  
matur Rara Tunjungbang  
mungkin angulati dhingin  
jing teka langka ingkang amawa keta.
19. Binten si kula sampuna  
adarbe eca ing ati  
pira si mung tutularan  
**sing dika kang mamarahi**  
angajak dhemen maring  
lalangen ing Batulisung  
metu kula kagawa

sangiwen boten dhang-edhing  
benere si dika raka katempuhan.

20. Bonggan jing angajak-ajak  
arep ora gelem wedi  
embok ati dika ewah  
mulane kula belani  
kapiluyu tut buri  
dhemen ing anawang mendhung  
mendhaa ta sadhela  
kudu kelangan ing ati  
jing tekan dika kaniaya nunuman.
21. Bula ta toli anaa  
senggang awareg samendhing  
sandenging lumuh oraa  
andeleng yen ora uwis  
asat ing mata aking  
kamrih kingkingen katulup  
turuning babaratan  
Dewi Lodhaya mangsuli  
ijab ing panglelewuhe lambenira.
- ✓ 22. Mangsa tumolih iyaa  
kaya ujarira dening  
bobabe kabina-bina  
angumbuk taumpang tindhih  
crebibating samendhing  
aduwe pangandel isun  
jing tekang anglolontrah  
pati-pati rarambeting  
ora karasa isun amuruk sira.
23. Heh sun sira kenang apa  
lambene yen angarani  
teka ora kaya kaya  
bisa temen bocah iki  
gumujeng ingkang rayi

jing dika ingkang amuruk  
dika engkon dhemenan  
teka ta samangko toli  
ora ngaku pisan yen angajak-ajak.

- 24' Ijab toli anininggal  
tandhane sili raka sih  
la kuh teka bisa merang  
turan ora kedhang-kedhing  
duwe dhemening ati  
sangiwen si kula utun  
wong tani bentil pisan  
Dewi Lodhaya mangsuli  
iya maningan dhedhemene kagawa.
25. Temene Rara Tunjungbang  
atinira ngandel belih  
lagi ibu angandika  
kalaning tutur wartaning  
kang angayangan na ing  
Roban panadyane iku  
arep kasasar teka  
marene marani bari  
esak arane Jaka Sumarandana.
26. Bari Jeh a w̄or kalawan  
mandranging guru aganti  
kaya pa rupane baya  
katekan ingkang angiring  
ora sawanci-wanci  
mung abaning guruh kidul  
pantes rupane esak  
prabawane anganyari  
bari akeh ingkang dhemen kapotangan.
27. Tuwin anuju ing mangsa  
kapat manasaken ati  
gawe ing ora karasan

la ku je tan bari sengit  
ngatone esak toli  
sun kongkonaken anggebug  
Rara Tunjungbang mojar  
inggi dhingan kula sengit  
pantes kuwen kang mamara ing sikara.

28. Karane adane ladak  
jing ngendiraken yen uwis  
duwe pawong sanak Roban  
bari akeh ingkang asih  
katekan mega amrih  
ngalingi aja na weruh  
rupane lumuh pisan  
ana ta kang amenangi  
ing pendhem jarak larunging guruh mandra.
29. Kadar wiwitane apa  
mulane kalakon kongsi  
kang aran Sumarandana  
dhemen wawuh amor maring  
dhedhemit buniyan ing  
tawanging tuwanging mendhung  
dhemen dene karasan  
anut ing siliring angin  
anglantrah ora karuwan kang den sedya.
30. Sira Ken Dewi Lodhaya  
mangsuli pangandikaning  
kang rayi Rara Tunjungbang  
**iya sun alem bula' sih**  
ana kang denajaki  
ing panggonane angrantun  
tuwuhing anglambayang  
ya padatane wong endi  
esak deneng ora dhemen ora barang.
31. Wong alaku aniluman

teka amanasbarani  
barakut dhing sengit ewa  
ora dhemen ora kedhing  
amung supaya dening  
garegeten atinipun  
aja tewas kawartan  
andawakaken panasing  
ati metu ing sadawane kelingan.

32. Kelinganing tanpa wekas  
karane yen ketang sedhih  
**karasa ing tanpa tewas**  
kenaa emon nduweni  
ing kacanthel kagaris  
pawarta ingkang karungu  
pun Megamendhung enggal  
matur sarya awotsari  
enggihing dhiyan boten sae wong ngandelan.
33. Enget sangiwen kaula  
lagi maksih ragi alit  
pun embok adodongengan  
ming kula amituturi  
yen ana kilat toli  
ana kang katon den gupuh  
parekana iku gah  
becik pamawane sugih  
bari salin rupa ala dadi esak.
34. ngGih ta kula katemahan  
sangiwen lagi meningi  
wonten talareping kilat  
nunten muncul kados babi  
sareng kula purugi  
gupuh ajeng kula tubruk  
jumedhet tegane tah  
dados galedheg langkung ing  
seru kabinten-binten nggene nggegetak.

35. Kaula kongsi melesat  
kapedhem dhateng ing siti  
awak kaula sasigar  
meh sadhidhik malih mati  
dalah teka ing mungkin  
idep alis boten cukul  
pantese kasababan  
jing panase kados geni  
kula miyarsa pitutur jengandika.
36. Agung mamaras kaula  
kula si mastani tunggil  
pantes saduluring gelap  
tandhane punika gusti  
yen katingal sareng ing  
kalayan mandraning guruh  
pema ijengandika  
sampun purun amedheki  
banggi nggetak tanpa laba kados kula.
37. Dewi Lodhaya Tunjungbang  
miyarsa aturing cethi  
eca gumujeng tur sarya  
megos anglerek ing liring  
wis aja muni-muni  
lambenira tutur-tutur  
Rara Tunjungbang mojar  
dene pantes iku silih  
sira kawengan ing mustikaning gelap.
38. Kala angandika nulya  
mangkat tumedhak ing beji  
karsane adi wastraya  
sampuning palastha nuli  
abebresih wonten ing  
gigilang kasongan andul  
samyang angadi rupa

rempuging tan ana wanci  
apaceh muksaa yan kinedhepena.

39. Sira sang Dewi Lodhaya  
akampuh gadhung rinukmi  
audhet surati jenar  
sinjang cindhe angin-angin  
pinamasturan adi  
**wentis tilasing linulur**  
sengkang maniking toya  
rinenggeng carang widuri  
sinasarenan inten asri gumebyar.
40. Asusupe lilimasan  
sarira bobo akuning  
sesekar ragulo rakta  
remane panjang awilis  
nulus tinon adining  
sekar kasaban cecenthung  
keketeb micis wutah  
pacak pantes apatitis  
turuning athi-athi kadya sinipat.
41. Sapuking waja bramara  
rerengganing mentas sisig  
seseging bresih dumilang  
dumeling natya panceding  
aembek gandhang manis  
wenes ing caya tur mancur  
lir wulan karainan  
kena ing saupamaning  
wuryataning pupur banten rerempugan.
42. Sira sang Rara Tunjungbang  
asinjang pathola wilis  
meles asri pinarada  
akampuh jingga rinukmi  
rinendanan mas adi

audhet surati wungu  
sekar dalima wantah  
sengkang manik wungu asri  
binabakungan rerenggan pupukangan.

43. Tutunggul inten gumilar  
malah wuwuh angembehi  
adining natya katawang  
tuwuhing sundel meneng ing  
rupa rempuging becik  
apaceh pacaking rambut  
sosongongan araras  
lurusing cecenthung ngapit  
pacak panceding keketeb lir sinipat,
44. Imba anyantaka layang  
idep tumenggeng raspati  
tingal lolok bintit galak  
agelung tan ana wanci  
pracedaning kaaksi  
kasogan ayu anulus  
telasing pangupama  
tan ana kang ambandhingi  
padhaning ragi celeking pasariran.
45. Saranta anemonana  
ing kang kasongan ing langit  
langka yen angemperana  
ing sadhidhik dhadhakaning  
atirua tingkahing  
kaya ora wurung wurung  
pasthi tumibang kala  
kawelehing ora olih  
empere sapolahe Rara Tunjungbang.
46. Samangke kang pinadika  
sakalih kalaning lagi  
mider-mider ing pantara

karsane arah amethik  
sekaring nagasari  
asrana manah pupungun  
kapengenging tumingal  
padhanging langit languting  
ima ima amawa embuh kaketang.

47. Sakalih yen angucapa  
iku teka ladak sili  
sikara kaliwat-liwat  
agawe adohing ati  
badhene durung uwis  
pangrobedane angawur  
bula duwea dosa  
isun sira kasengiti  
kenang apa mega isun takon dosa.
48. Dene ta kabina-bina  
lumuh ngenengaken maring  
lambe yen teka menenga  
kaniaya temen silih  
**sira pakaken maning**  
heh sun baya durung tutug  
tataganing sikara  
dhemen badhene yen uwis  
pambebedaning gawe ora karasan.
49. Sedheng ya sira lungaa  
aja teka-teka maning  
marena poma ya mega  
beli ora sira tolih  
kawur kagawang angin  
iku puwas atinisun  
jing bonggan salimaa  
ora ngajak-ajak maring  
isun sira kon ngrantun neng tawang tuwung.
50. Tuwuha ing pagunungan

nganggona ing jurang trebis  
esak wis papantesira  
sumadhi nang kene iki  
angrantun katon saking  
sagara kaya kapaung  
iya idhepang ujar  
aja mberung isun sengit  
mangkana Dewi Lodhaya yan angucap.

51. Dangu manahe ngandika  
adan kasarū abaning  
gereh mandra asauran  
lor kidul aganti muni  
tan meneng sasuwening  
srang lantur kaya pitutur  
pepenging lunga-lunga  
saking soring Nagasari  
sarana ing akundhang pangaribawa.
52. Wayahing meneng katingal  
kang nukma ing guru ganti  
tan tebah nggening madadya  
sadanguning putri kalih  
kaliwat kawaon ing  
manah katemben andulu  
dalah Sumarandana  
lir mati sajroning urip  
angrerepa ing manah age ngarasa.
53. Mangkana panyiptanira  
Jaka Sumarandana wis  
kaliwat sumanggonira  
kawengan katemben saking  
amenangi kang pinrih  
weru rasane anemu  
papantaring alara  
kang ora nana mantraning  
senggang samangko atemah palipurna.

54. Panadyaning kumayangyang  
kaya ing ora menangi  
nemu ingkang pinilala  
malar pangrasane lagi  
durung katekan masih  
mung sengsengkaning kagayuh  
kaya anyagerena  
yajan kalakona tolih  
mubesa ing sajagat mangsa nemua.
55. Temahing amanakawan  
kewuhan ing pandayaning  
pambrihing amenangana  
mulunging kawilasaning  
kusumaning kang dadi  
pupundhen sagara Kidul  
koder keder ing saja  
ing sajege amenangi  
meneng andarung tan kangkat angandika.
56. Dupi angandika pinaksa  
maksih gumeter keteri  
gagarayasen ing manah  
nemu ingkang denulati  
luntaning pamaksa glis  
alon kedaling pamuwus  
ora duwe panyana  
ingsun kongsi amenangi  
weru kawengan gusti ing rupanira.
57. Saiki kawulanira  
kaya ora mati maning  
iya siji wis katekan  
ing sapanadyaning ati  
salawasing ngaurip  
ora na liyan suntedhuh  
mung nawa pirangbara

ing amenangana bari  
kena apa rekisun kalawan sira.

58. Iya muga kawlasana  
ora masakaken silih  
ijab pirang-pirang wulan  
enggonisun andayani  
iya manawa kongsi  
mendhak kabaulan weruh  
rasaning winawuhan  
Dewi Lodhaya tan angling  
sarwi kesah angandika asmu merang.
59. Kadar si iki wong apa  
marene babarang gamil  
lauh dening sumakeyan  
lambene bisa anggathis  
rerewes andrawili  
durung idhep durung weruh  
teka ngajak rarasane  
bari manasaken ati  
teka sengit yen ora sun saurana.
60. Iya endah kono bilas  
jing balegbegen kang kuping  
pantese parenenira  
nadyan rep anunukari  
uwis mampusa maning  
kang adoh aja karungu  
coba ora lungaa  
mengko sun ujar-ujari  
bonggan sapa aduwe lambe aleman.
61. Ora dhemen ora barang  
wong gawe sedhihing ati  
beli ora temen sira  
kena ing wawales maning  
kasandhangan sedhihing

ati pirang-pirang gunung  
Jaka Sumarandana  
enggal amurugi bari  
ngucap enda sok aja liyan sing sira.

62. Yen sira dunungan iya  
teka urugana maning  
ing kang kongsi pirang-pirang  
angebekana ing langit  
ora wigih nglabuhi  
ing sabisa-bisanisun  
anuku medanira  
yen saliyane si belih  
temen ora dunungan bobad-bobadan.
63. Yen ora sira andela  
gusti ujarisun iki  
wis ora bisa rarasana  
mung sira pakaken maning  
karepira ngolahi  
ing badanisun sakujur  
pon sun srahken gulingan  
iya peh manawa toli  
tuwuha ngandela denkongsi pracaya.
64. Bara saiki katekan  
anrungu ing wangsulaning  
kang sengit kabina-bina  
binadhe oraa toli  
pangrasaning kabadrih  
kaya dhamanga amawuh  
pangidheping kendahan  
baya kaya isun iki  
ora ketang dentampik sapangadegan.
65. Parandene masi delap  
juweting anulateni  
iya manawa manawa

nganteni giliring angin  
kang lagi sunlakoni  
angangajap titising bun  
bula ora nyangгаа  
banggen kang anyanyampahi  
sok kapuara temen isun angmalar.

66. Manawa uga katekan  
ora iki besuk maning  
kawengan dhadhangnira  
sudi sunpanakawani  
gelema mupu maring  
ing akundhangan kasinguh  
sangeting ora layak  
binadhe ora tinubing  
payuyunen tanjek anguliyang simbar.
67. Celuking ala suntemah  
tumarima paniwanging  
lengus angupadayaa  
wayahe gugonana ing  
urip atemah pati  
patut yen ora anemu  
**umamaning pandhalang**  
dalaning amikékети  
tibaning pangubayan ananggupana.
68. Tanpa na ingkang mikena  
minangka pratandha dadi  
angdoh olih ingaturan  
nuwuhna kala mangsaning  
bener kabanara ing  
tapakan delapa imul  
mugeng mungguh sinambat  
ing welas kaweleh dening  
susungkanen atine asambat iya.
69. Iya sun ananggupana

pira kadar mung samendhing  
amung babasan rong kecap  
ora kurang ora luwih  
prandene milarangi  
lumuh ujure kawetu  
Dewi Lodhaya mojar  
idhih dene amamardi  
kaprena apa isun sira kon eman.

70. Dudu sanak dudu kadang  
karane emoh mangsuli  
tanpa laba katriwala  
sapa kang sunuring-uring  
angumbangana angin  
tan age isun kapaung  
bula ta karuhana  
kubure kang denjeneki  
jing kulon wetan lor kidul umahira.
71. Sapa ta ari duwea  
cocongah dhanganing ati  
dadi sungkan nora jiyad  
lambe yen menga amuni  
menenga bae toli  
mangsa dadi bungkem bisu  
Jaka Sumarandana  
langkung kumecer ing ati  
miyarsa wangsulane Dewi Lodhaya.
72. Tan kangkat angampohana  
ing kapiderenging ambrih  
ing kagepok kasenggola  
lir penda saupamaning  
alalakua maring  
panas banget ngelak banyu  
nyukulaken ing ora  
na ingkang ketang katolih

kaya gea angrangkul angarasana.

73. Adan Gedheng Setraganda  
dangu anjeneng sandhaping  
sekar wijayakusuma  
reh sampun uning sadyaning  
ingkang anembe prapti  
milane tumulya rawuh  
kang putra pinurugan  
darbe sesemanging galih  
ingawe sakalih putra ingaturan.
74. Dewi Lodhaya Tunjungbang  
aglis sareng aningali  
ingkang ibu pinurungan  
ageng mamarasing galih  
wedos manawi toli  
tulus dhinawuhan eru  
karasa dhidhingin  
denipun katingal sami  
anjeneng ing natar len Sumarandana.
75. Kena yen ingucapena  
ing ora kangkat kuwating  
tumindak sajangkah pecak  
pancet pancatan tuwuhing  
umbang-umbang sangkaning  
kudon na iren lumaku  
sira Dewi Lodhaya  
kang rayi kinen rumihin  
tan karsa kedhing akakanthen asta.

\*\*\*\*\*

### 3. KINANTHI

1. Ing sasampunipun rawuh  
ing ngajengan putra kalih  
enggal tulya tinakenan  
wau adangu kalaning  
anjeneng kalayan raja  
satriya kang nembe prapti.
2. Gedheng Setragabda muwus  
sira karo aja dadi  
mamarase atinira  
mulane isun nekani  
marene duwe sesemang  
sadhidhik mbok durung ngarti.
3. Sira si uwis angrungu  
bangiwen sunpituduri  
ika mbok ora anyana  
tanpa laba kalaŋsu ing  
kareping ababatan  
anadya sun pipiringi.
4. Dan mangkat saking nggenipun  
kering dening putra kalih  
murugi Sumarandana  
ingacaranan alinggih  
dening Gedheng Setraganda  
ing kubon Banjarcangiri.
5. Sampuning sami alungguh  
tan pegat jinor wetuning  
sabda sandining pikena  
pinalar ujar mamanis  
tilasing tinatakrama  
sapanemuning abecik.
6. Pambacananing anulus

telas katalen telenging  
asih sinogan ingeman  
tan aumana yen belih  
**belah beliking pracaya**  
yakti amikena pasthi.

7. Tiniban ing sabda arum  
darunane ingkang pinrih  
iribing duwe pangarah  
pareka aja nduweni  
sabdaning panyana-nyana  
kenaning alaki rabi.
8. Lebuning wong sumadulur  
dalaning kang denulati  
lantaran saking kamarman  
amaha saking reseping  
galih gelaring kumanak  
anekakaken saasih.
9. Aso ing sasumadulur  
duloning aja na olih  
talalah laganing eman  
amandekena sakehing  
basaja aja na kurang  
duwe pracayaning ati.
10. Wanter sadyaning pinupuh  
pinapadhan anangleri  
**budi badharing karasan**  
sakalih kalangkung pinrih  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
barenging sumanak ambrih.
11. Ambiling resep pangaku  
ing angangkata tunggaling  
akakadang andungkapa  
tunggal sayayah len bibi

Ian Jaka Sumarandana  
tan tiwas sami kenaning.

12. Kang ingarah-arang luput  
lepat sing pambeka bangkit  
ambangkat ing waged gelar  
aken ing ujar mamanis  
ing saniskara tan balak  
baliking amikenani.
13. Adan Setraganda muwus  
dhateng ingkang tinatami  
poma ya Sumarandana  
sira aja anduweni  
ing kumemba kumapalang  
ing panalangsaning ati.
14. Angaku embok-ing isun  
tekambuh sangkaning dadi  
adoh ing ora resepa  
sepi ora anduweni  
kapengen anganak-anak  
ingkang maring sira gusti.
15. Apa maning isun iku  
karasa laiping dhiri  
ora duwe anak lanang  
ora na kang suntitipi  
maring karo adhinira  
tan bara watiring ati.
16. Saiki karasa isun  
lewih pakenaking ati  
amung dunungan ya poma  
gelema sun susukeri  
aja kurang ing pangraksa  
wayahe wong duwe adhi.

17. Sanak wadon pasthi tuwuh  
ya ta sadurunging laki  
langka ing ora seringa  
ing sinabaden nglanglangi  
sang Jaka Sumarandana  
mangu kendel datan angling.
18. Anikel lathi tumungkul  
kewedan kaparah dening  
wegegung manah kalintang  
tan kangkating amangsuli  
ing pangekaciptanira  
lir karunaa ing linggih.
19. Tan kangkat wedaling wuwus  
ngandika sajroning ati  
baya ta wis ora kena  
cecelakan ing ngaurip  
kaya isun kasandhangan  
lara katuwon ing ati.
20. Panadyane atinisun  
marene arep arabi  
ora ana ingkang ketang  
lumaku ing baya pati  
lantaran ora angema  
kamalarataning dhiri.
21. Iya ingkang kaya isun  
badhene supaya dening  
delap duwe pakarepan  
nuruti pakarepaning  
ati tandhane si apa  
mung nemu kang mawa sedhah.
22. Yen sun gugu atinisun  
ing kawengan amenangi  
samono uga lumayan

sun timbang kalawan belih  
weruh ing rupane pisan  
sun ajap raina wengi.

23. Angintarena pandarung  
pandalamening pamilih  
malah yen uwis sun etang  
bangeting ati kasarik  
alung aja weruh pisan  
ana sudane sadhidhik
24. Saiki ingkang sun temu  
jing uwis weruh rasaning  
nyenyeping kilang kelangan  
kasogan kehing papait  
papaking aja wruh pisan  
andilat platiking manis.
25. Saniskaraning kabutuh  
tan betah kabintala ing  
liyan kang sun priha welas  
teka ing samangko iki  
Ni Gedhe ing Setraganda  
ing andayaning pepenging.
26. Ing pangidheping kalangsu  
panalangsa sawadining  
dinalanan sing pamarah  
amurungena wadining  
mangkana pangudyasmaran  
mila tan aglis mangsuli.
27. Adan muwus aris matur  
Jaka Sumarandana mring  
Nyi Gedhe ing Setraganda  
kaula kalangkung dening  
anuhun sih jengandika  
dhawuhing amracanteni.

28. Kang dhateng kaula langkung  
tan kangkating amangsuli  
langkung ing kalingga murda  
kacancang pucuking weni  
sota manah jengandika  
anampar tiyang kasesi.
29. Nanging kaula kalangkung  
langkung bodho bingung maksih  
dereng ngartos pisan-pisan  
pasanging basa basuki  
rehipun nembe kaula  
kasasar dhateng nagari.
30. Akatha kithal meng nuhun  
pamrat pamengkuning galih  
denipun lampah kaula  
saking alit dalah mangkin  
pegat nguliyang simbar  
asaba enggen kang sepi.
31. Mung pinten bangga reh dhawuh  
pracanten jengira saking  
sotaning anganak-anak  
dhateng kaula rentehi  
tambaruk i jengandika  
tiyasaa anglampahi.
32. Ing salaming tumuwuh  
mugiya enget ing galiu  
pamejang ijengandika  
sadya kaula lampahi  
pinten bangga tiyasaa  
Setraganda amangsuli.
33. Sukur bagja anakisun  
angidhep pituturaning  
embok ambriya becika

aja sumelang ing ati  
anakisun Sumrandana  
ing pangemanisun gusti.

34. Kaya nemu mas sagunung  
gena sun berag ing ati  
katon yen idhep ing ujar  
wis ora kangkat mangsuli  
nadhahi ing berag bungah  
ing ati kaliwat lewi.
35. Dadine nakisun payu  
sungawa sing kene mulih  
ing umah aja nang taman  
gampang gusti balik maning  
mapan iki duwenira  
kang ingacaran nuruti.
36. Adan awiyang agupuh  
puara turun bawaning  
gara-gara amaruta  
wetuning sindhung riwuting  
prataya kayyan kyeh rebah  
rubuh kaserang ing angin.
37. Yyanten kang lagya winuwus  
kang akayangan ana ing  
mangaran Arga Sileman  
samangke jenek wonten ing  
nepi ing Sagara Nakan  
meheng kalih len kang rayi.
38. Sampun angsal kawan tangsu  
tan kasurup dhahar guling  
gelaring duwe panadya  
angajengaken ing putri  
arane Dewi Lodhaya  
Rara Tunjungbang kang pinrih.

39. Kenginga sakalihipun  
kang pinangarah dadosing  
kramanira kang awasta  
Sukmandara Sukmandari  
ri sedhenging aluwaran  
rehing sampun angsal wisik.
40. Satuhu tuduhing guru  
karuwan tan balak pasthi  
saestu kaalap garwa  
gawe tan wigih mastani  
karaos sampun kaasta  
estuning jodho kang pasthi.
41. Pantar wantening angukup  
kangkata kekel kelaring  
rinojong ing para dewa  
diweg ing kala samangkin  
ngandika sang Sukmandara  
dhateng ing sang Sukmandari.
42. Rayi pakarepanisun  
kapengen lunga tumuli  
ing Kayangan Setraganda  
sumreteh kudu gumelis  
gelaring age weruha  
bareng ing raina wengi.
43. Lan putri Sagara Kidul  
kodal anuwuhaken ing  
tan kanten bara kang mawa  
layaking pantes inganti  
ingkang rayi adan mojar  
amangsuli awotsari.
44. Raka yen upaminipun  
wonten sumelanging galih  
sakinten leng ingantosan

sampun anerang kang mawi  
boten sakeca ing manah  
yadyan lamiya sadhidhik.

45. Yen atemaha rahayu  
wayaganing sampun kongsi  
wonten sandhungan ing dalan  
dalurus laras tindaking  
ing adarbe pakajengan  
kajora kararjan singgih.
46. Sanggene sampun anuwuh  
aken pamregucing galih  
gelaring sae kaserang  
sirung singlara saliring  
lara tyasing pangularan  
tayoh sampun nrang papali.
47. Kang raja mangsuli wuwus  
iya sadya sun anteni  
amung sadina rong dina  
tan pisan aja na dadi  
kumreweding lumaksana  
bener ujarira rayi.
48. Upama kalakon weruh  
rupane kang sun prih sudi  
dedewaning Setraganda  
ya sun laku mara rayi  
eman welasa ing kakang  
nunut bae maring adhi.
49. Pambrihen welas ing sisun  
ing kang rayi awotsari  
**matur dhateng ing kang raka**  
wiyosing ping kalih kardi  
kados ta anyanggemana  
kalihipun pasthi kenging.

50. Mesem tur sarwi amuwus  
pirabara iya rayi  
kaduluran ujarira  
wong tuwa kang denpiduli  
sumilih si mongkonoa  
isun gegel maring rayi.
51. Lara papa lan sadulur  
aduwe mukti ning ati  
upama sun dhewekana  
tan age gegeling ati  
menang-meneng jing wong tuwa  
ing kang rayi matur aris.
52. Sakalangkung ing anuhun  
boten kangkat anuhun sih  
wilasa ijengandika  
nanging ta kaula ajrih  
yen angrurumuhunana  
sumangga ingatut wingking.
53. Kalayan samalihipun  
bok punika boten sudi  
anampar dhateng kaula  
ing kang raka amangsuli  
ya ta dhemen ing wong tuwa  
kono wong anom dentampik.
54. Dening sira anglelewu  
yen mangkono isun maning  
sawas yen denpeduliya  
teka mamarasi ati  
la kuh rayi abanira  
dentampika salah siji.
55. Jing sira sadulurisun  
ora ana cole samendhing  
binane anom lan tuwa

- isun lawan sira rayi  
mula ambrih katularan  
ing tanjek denkadhemeni.
56. Minge eseme densamur  
ingkang aran Sumandari  
ing pangudyasmaranira  
dene teka raka iki  
tabeyate durung ilang  
remen sok angandhap dhiri.
57. Wau ing sadangunipun  
Sukmandara Sukmandari  
sami ing apagujengan  
tan lyan pinaraning galih  
meng adining Setraganda  
rinungrum saking atebih.
58. Sukmandara ris amuwus  
wau dhateng ingkang rayi  
kongsi ta bayah katekan  
ing sapanadyaning ati  
lir angajap tawang tewang  
isun lawan sira iki.
59. Muga ta pupundhenisun  
dhamanga ing amangsuli  
kang sadya amanakawan  
angawula karo adhi  
amupua sambewara  
kang kedeh aneletehi.
60. Adining Sagara Kidul  
jero tur angliliwati  
prandene ora sun etang  
wus sun temah angleboni  
adrenging kudu anerang  
ing arungan erit sungil.

61. Sukmandari manahipun  
 sanget welase tan sipi  
 aningali ingkang raka  
 rehing karaos pribadi  
 pan tunggil kadya mangkana  
 nanging maksih densangkribi.
62. Sukmandara aris muwus  
 wau dhateng ingkang rayi  
 pantese si atinira  
 ana dhangane sadhidhik  
 lakar wong anom larisan  
 cagering denkatujoni.
63. Inggang rayi aturipun  
 inggi raka pinten banggi  
 kadosa ijengandika  
 kang denarah pasthi kening  
 malaring katambarukan  
 anyaktosena pandalih.
64. Anamar esem kawetu  
 Sukmandara atma angling  
 aris dhateng arinira  
 jing sok kawayang ing ati  
 lan abaning guruh mandra  
 kaya wonga angeling-eling.
65. Kaya semuning pituduh  
 enggoning kang sunkangeni  
 ing Kayangan Setraganda  
 sing kene benere endi  
 kapengen gelis kawengan  
 ing ratuning eman asih.
66. Samining bagus anulus  
 ingkang andewana kalih  
 lir putra ing Bandarakta

ingkang kocap ing kakawin  
Citrangada Citrasena  
kalanipun andon rasmi.

67. Wenesing sarira konus  
wuryaning kirang aguling  
remen ing abra tatapas  
cayane ngembehi adi  
mangke sedheng aluwaran  
kalih sami nandhang kingkin.
68. Sangsaya kadangu-dangu  
tyase kang kandhehan kingkin  
sinamur datan kasamar  
manahira Sukmandari  
umatur dhateng kang raka  
wiyosing anggegerehi.
69. Ing panjuweting atur  
punika yen asawawi  
kalih karsa jengandika  
leheng enggal andhatengi  
ing Kayangan Setraganda  
ingkang raka amangsuli.
70. Parandene sira mau  
ing isun ambibisani  
tegane iya kapadhan  
kaya atinisun maning  
ingkang rayi awotsekar  
asmu nggujung denira nging.
71. Boten saking aprikudu  
menggeh kaula pribadi  
wiyosing kalangkung welas  
kaula duk ameningi  
kang asambat gereh mandra  
kang raka mesem sarya nging.

72. Iya maningan mung isun  
bae kang banget kasarik  
sumilih ingkang rarasane  
gah iya samangko iki  
sukmane wis anang kana  
mung raragane kang kari.
73. Mesem kang dinuk ing wuwus  
Sukmandari amangsuli  
dereng karaos kapendhak  
kalayan egaring galih  
sundhuh wedos ing titiyang  
yaktosing wekel atani.
74. Mila ajeng sisinau  
lumampah ing jurang trebis  
tut wingking ijengandika  
sawadosing ameningi  
ing langening gereh mandra  
kang raka gumujeng angling.
75. mBuh iya maningan sundhuh  
aleman angaku tani  
tan age papati awak  
ora wurung sungkan urip  
yen ora amangkonoa  
sira rep mungga dentampik.
76. Tur barang gawene iku  
ora rena ing sawiji  
kudu akeh pirang-pirang  
prandene analikuri  
mangan jawadah pasaran  
kolu ora na dentampik.
77. Karuwan kang kaya isun  
aduwe rasaning ati  
kabeh kawetu ing njaba

lan ta ingkang meneng lagi  
atine asalewuran  
lunga maring ngendi-endi.

78. Inkang jinor ing pananguh  
mesem datan amangsuli  
wonten karaos ing manah  
Sukmandara angling malih  
pandayaning palingsiran  
tur yaktine angluwihi.
79. Sun gawe upama banyu  
yen jero angliliwati  
meneng ora kumarasak  
yen cethek abane muni  
dadi gelis kawenangan  
**jing wong tuwa murang sangkrib.**
80. Gumujeng sarya tumungkul  
wau kang denpipiringi  
Sukmandari matur enggal  
boten kilap kang mastani  
ladakipun katularan  
manah kula sapuniki.
81. Ing sadangu-dangunipun  
pagujengan lan kang rayi  
lampah sarwi ing anawang  
tawang ing kalangenaning  
asrama samuning nusa  
lambaran tan kambengan ing.
82. Akye nggon guwa watu su-  
meru ajimbar awingit  
sangeting yan kinacaryan  
kang aneng ngarsa pasang  
wana mikena lir penda  
kaduk ing pandruming esthi.

83. Estuning kangge pitunguk  
 angegek ing wiwaraning  
 guwa grong majeng mangetan  
 tan doh don mangungang tepi  
 tempuhing ombak kambengan  
 ing pamlebuning marga rit.
84. Ri traping tranggana luyu  
 layak ing kinajriyan ing  
 anranging anrus sumengka  
 mangkana kasrambah dening  
 alumulumut lumamad  
 amalatrani tinon lir.
85. Pramadani wilis lulus  
 laladan kang ingupadi  
 dibyaning dumling gumilar  
 prabaning sela candhini  
 nilas kumanyep ing wadhas  
 kados ing dupa niladi.
86. Don ingkang ing jro asiluk  
 siluk-siluk lepitaning  
 parang pareking winulat  
 luwih aliwat lengkeping  
 unggyan pinajang pajangan  
 kajoring tan na mbandhingi
87. Wedhar pandedering tuwuh  
 tewasing kaesakan ing  
 panawinging condhong liman  
 amratani wimba wari  
 rarasing tinon lir udan  
 dumeling ing parang curi.
88. Ri sedhenging doh kadulu  
 pangunganging batu kali  
 kelaring anrik araras

reres panempuhing wari  
dres mijil saking tampiyan  
tampeking udaya wening.

89. Weninging sendhang satuh  
tunggaling tanpa bedaning  
kedhaping kresna winulat  
welahing sila saliring  
dhasaring asri katawang  
tan katawengan abresih.
90. Sinawung ilining etuk  
katon saking satungtunging  
parang asigrong gumulak  
mulek ing pangloding wari  
wurahan ing kamangkara  
karoban ing woh dres mili.
91. Liwating langgen anglangu+  
ing sakukuban ambaning  
**Sagara Anakan ngenak**  
kakening adi langkaning  
lengkap lakuning tan mendha  
kaduk ing pasir awukir.
92. Wukir parangan atuwuh  
ngungang tepining udadi  
adohing ora gawea  
langgen araras reresing  
ati katunggon daridrah  
daluruh amilarani.
93. Yanten malih kang winuwus  
kang lagi sami alinggih  
sira Gedheng Setraganda  
kalaning pinedhek dening  
kang atmaja sakatiga  
tan kenging ginggang atebih.

94. Ing sadangu-dangunipun  
anuturaken raosing  
manahing binabancana  
denira kang putra kalih  
ing Jaka Sumarandana  
ingkang lagi dentuturi.
95. Milaning pracanten dhawuh  
rehipun sampun kadugi  
kenging manahe sapantar  
kados ing putra pribadi  
tan adarbe kira-kira  
boten ing kenging saasih.
96. Wasana adan amuwus  
Gedheng Setraganda maring  
sang Jaka Sumarandana  
**kang lagya dinuk ing gosthi**  
kapreh enak dayanira  
ambrih gelis anekani.
97. Dene si pandelengisun  
ora liyane saking  
kang anang Arga Sileman  
iku kang uwis pinasthi  
yen jodhone adhinira  
supaya ewuh kang ati.
98. Angatonena kumudu  
kumiyenging anduweni  
pakarepan teka wirang  
reh kita kabubuwan ing  
wadon dadine sapira  
matur kang jinor ing gosthi.
99. Ing pamindhaning balilu  
upami yen andarbeni  
wonten rawating katilas

dumama ing tiyang istri  
miyosing tilar sapatya  
botena ing andarbeni.

100. Ing pangandika satuwuh  
tewasing kumidheng amrih  
jaler kang anglalarana  
kongsiya dhateng mariki  
Gedheng Setraganda enggal  
wiyosing sabda mangsuli.
101. Bener ujarira iku  
yadyan atinirun gusti  
ora salaya lan sira  
salawase sun ulati  
iya kaya ujarira  
mulane ewuh ing ati.
102. Nanging sawadine isun  
atitiwar ujar dhingin  
mbok isun mbesuk katekan  
lunga animpar anepi  
ing Sela Mangempeng poma  
adhinira isun titip.
103. Ora lawas sadyanisun  
Jaka Sumarandana glis  
inggih sumangga meng kula  
kapengen wonten dhateng ing  
taman panggenan kang arah  
badhe kaula jeneki.
104. Kang amiyarsa ing atur  
wanter nggening angliringi  
lire kang sinamodanan  
anawakaken kenaning  
egaring manah kaladan  
mamanising dhangdhanggendhis.

#### 4. DHANDHANGGENDHIS

1. Tan ucapen kang sasmita linggi  
yantén malih ingkang kabayatitah  
tuwin kang asramang rane  
sang Lembukuning nungkus  
tangkas tekanira atuwin  
tan ginawe ing gatyā  
gating kakukup  
kuwating pangamandaka  
dengki dungkaping amaragataken ing  
warnining tyaseng baya.
2. Wayagah konggah kapadala ing  
kadigjayaning sakti tan kena  
kongkulan ing sabawane  
panasbaran anggregut  
gregeting granda kakejoting  
lathi lanbaran amyar-  
sa ing ujar luput  
pugas gumragasing muntab  
unteb banget tembana kayangan aring  
aran Jurang Situman.
3. Lumangkung ing jurang jro atrebis  
katrabas ing lyah alungkah-lungkah  
lukaring rit wiwidahe  
tembing katambing ring wur-  
ya tan doning tebeng kaambing  
dening gajendra maham-  
bara dennyā mandyus  
akyeh anung bayaningkang  
len silatala tela ulanya mesi  
tama misan wisanya.
4. Mong mangka yeka kerep karag ing  
amengpengaken umeng galaknya

trirodra nung panunggale  
munggying guwa asingub  
pangubaning singa umregil  
agaling garawalan  
parang rōng asiluk  
sileba jro jurang bajrah  
anjrah wiwara guwa aglis tunganing  
wungkal ekol ingambah.

5. Kayanganing luyut panglayaping  
lumut lumut lumrak kyeh tikang sah  
padha panduling pringgane  
geneng pinggiran niyung  
kayanganing parangan curi  
atiyantya durgama  
gumulung ing kewuh  
kawuryatan ing kakayan  
kayomanan ing suket saket umingis  
menges lyir rinancaban.
6. Cacabing watu sela-selaning  
tatha-kathah tatan prih kathah ya  
yakti tana bandhingane  
angangelaken tuwuh  
tumangkaring erit asungil  
sugut sanget durbala  
balik asrah masuh  
sila saliring winulat  
tangkol kolabing unggyan sang Lembukuning  
kena ucapakena.
- 7 Madhalem daluning kapentang ing  
Jurang Siluman lamon winaswas  
kewes kang munggying unguhe  
gumawang parang parung  
rupek rumpil lepas lumaris  
kapusaran ing marga

manggihing awingut  
wiletan lantaraning kang  
kalawe wiletaning memba marani  
don tepining erna.

8. Tuwuhing lengis pasir awukir  
dresing aras raras anrus paras  
tang atrebis panrabase  
anut selat asiluk  
silep silem sela saliring  
solokan tan katawang  
kambengan ing gunung  
gurnang gurnitaning karang  
katampek ing ombak anglembak ing tepi  
tempuh tampingan parang.
9. Parang tumawing agrong asingit  
maguwa anjorog angetan  
kapit ing sela selane  
kadya pindhane pandrum-  
ing gajalas teles tilasing  
mentas adiwarsaya  
wisaya sayanduk  
pandek wiwaraning guwa  
ingkang tumanduk tan tumindaka dening  
kampoh ing kapetengan.
10. Peteng ribet ribut datan polih  
polahing pamilih tan papalah  
malah kalaluh laline  
anglod landening kewuh  
kolab kalanggar angeraning  
wiwida kawadaka  
wadining alumung  
langkuning soba sogatan  
gentus ing kumanyep ing padhas pandhesing  
trang lir ruru trenggana.

11. Tan na kang ora praba bukaning  
 anilas telas katrap ing kedhap  
 kandhih ing samar semune  
 sumong sumorot mancur  
 curnaning ateja tanjeking  
 kajem lajum kancikan  
 pang nyangkuduning wus  
 pangupadi adining kang  
 sela salir suluring pramata mesih  
 srana srma panggrengga.
12. Pangrengga saungguh gumolonging  
 aglar ngluraning adi ginugah  
 duk ing asimpar sepine  
 sapuk sapapak muput  
 papadan adedel dadaging  
 durbala lyir Kiskendha  
 juga yya dinunung  
 dinuman ing uma anang  
 dhedhemit tan iwang tinemu pantesing  
 sigrong sengseng kasongan.
13. Lumunging parangan yom ngayomi  
 anilas tan lota wimba tirta  
 lumrah mratani wetune  
 tutruh apindha jawuh  
 ri tanggaling kapat kapit ing  
 lirang alengis kongas  
 kengis dibya tuwuh  
 lir pawal pingul amungal  
 angoling anglang angaling-alingi  
 madya guwa wiwara.
14. Rawayan wayaga slur aputih  
 tibran awekas kekes asrana  
 ning walikadhep kandhape  
 pelag ugyan alagu

mulaking we maweh sri kaksi  
kasidaning kalangyan  
kalenglengan taru  
latah kyeh tatar pataya  
kayyan tayuman kayomanan waneh lyir  
lyaring piara repat.

15. Kapatya ri sedhenging atarik  
traping kang kusumanya prasamya  
manjah sari sarupane  
rempug pamugasing tu-  
wuheng papang angrong anyandhing  
ana rupa gopura  
pura kadya watu  
tuwin tang dhukut anjungkat  
kadya kabusanan angenakaken ing  
adi doning asrama.
16. Asrama sakukuban ambaning  
bana binandhing padhaning nusa  
mungseng asangke olihe  
**sanget wingit asingub**  
sungapan anjah jujuganing  
ombak gebyugan lumrah  
lyir gereh kapitu  
tungtung ing kikisik parang  
pangrengga saungguhing unggyan kasog ing  
singer sangar kayengan.
17. Durgama rusit wirasat tistis  
gegah gagu nggoning sangar sangara  
karoban ing prabawane  
kinrasan ing lelembut  
lelebing asundeng sandenging  
sintru satuhu asang  
sreng asru asingkur  
kukuban jurang siluman

linayad layuning asamun atitis  
tutug tengran asimpar.

18. Parnahing tanah kang amenangi  
angedek-edekaning bancana  
bancuh kacukulan kehe  
keketing bana liwung  
liwering alungkah langkeping  
pinaran pangrabasa  
paseking wit kewuh  
wed jungklang tan kena ngungang  
ngungak pangungkad pangkat sela umingis  
kenging sing katriwadan.
19. Wadha widhig widayah yaktining  
dinalan ing dhedhet dudut limengan  
liwu ing loka langkane  
yaga ungguhing ribut  
kobed kobah len amarga wi-  
letan ingkang ampuwan  
truning barat lisus  
sugalba gambira bajra  
mangajenging myang kanan kering koruging  
kasrang ing kadrubiksan.
20. Kayoman yoga juga maranti  
tiyasa saolihning koliyan  
yagrah gogul mung gumlenter  
gumlap bungeng abangun  
banget nirteng mangangen sohing  
tingkah tekap winulat  
koleh ing atakut  
caket ing jenjam jro ngungang  
kongang kengel ing pasambat tan mayungi  
yureng jurang kajoran.
21. Konjuking kodal kedhehana ring  
jalada dres babas malimutan

lumarab rob ing bungase  
sikanya sri kasaput  
malimutan tan beda aksi  
kang kocap ing Wiwaha  
wayagah sumeru  
ruruh raras reres prawa  
angwatu tungtung nratas asrang ngasrengi  
tambing ambeng sumengka.

22. Sumengka-sengka undhakan nawing  
lyir anawung anawang marmada  
mandi manda lumangene  
ngenakaken kalangun  
ngulandara andarung kaksi  
mintir menter katawang  
traping weh pabuwuh  
bawaning langen winaswas  
mewes pamumu munggying rat karantan lyir  
karyeki didaridra.
23. Digdya drawa weh mesi mangsaning  
bisa masamun samanta atrah  
atrih gurniteng tempuhe  
arus korug karungu  
gambira magambar gempuring  
acala Meru tulya  
prabasyara semu  
sumyaking anempuh karang  
karanya amboga ta kasobitaning  
tinona nir antara.
24. Tariking traping masang sedhenging  
antar wantering adi winulat  
tan lot ing don doh dununge  
ngenakaken ing tangguh  
gumragas tan geges gigising  
aliwran manohara

robaya baya lun  
lumrasah asru sumandha  
panduking kasumbagan kabagiyaning  
alas telas kantepan.

25. Tempuhing kongkad kolabing erit  
tang rat riringga nregu lagawa  
agawe ulat kolabe  
loba lebuning suhur  
ing rat buniyan Lembukuning  
kena yan ucapena  
kalaning mangke duk  
katekan siptaning dewa  
daweg ing pangilaraning galih ambrih  
enggal andhatengana.
26. Anungku siyang asambung latri  
tri bagagegaged ing gata  
gugup anggep panggepoke  
kobes kabasa kasuh  
sakaning kang tilas tulusing  
prasasat kasusupan  
sepining raharju  
juwet jaware kaleban  
lebuning pabubu babangga bengganging  
kasantosan kongsulan.
27. Kongseb kasambat saban abaning  
cela celuk cecelean anrang  
sering kasarang sirunge  
riringga tan ginewuh  
gawaya agawe gawoking  
akeh saparipolah  
malaluh ambesur  
balasaring panasbaran  
barakena kandheg saulah jantraning  
yan duwe pakarepan.

28. Karep kerep karaban ambiling  
 pambalap pamleg pambekira sang  
 Lembukuning pakenane  
 krastha grah raja laju  
 jumongkoting kana kenaning  
 tinggal esak kasogan  
 ring segut anggregut  
 gaget amludag daladag  
 dedeling ing tyas gumreh gumaragasing  
 gogosan agea ga.
29. Age ing panadya pangajaking  
 kaju kojur kajelir kojatan  
 rereh ribribing gumrete  
 gumantawang tumanggung  
 tumanggap angambah pambiling  
 liliraning tandrana  
 dinum ing kaburuh  
 burak katerak kabrasat  
 basi basah basuki kasungku dening  
 ambeking lodrawesya.
30. Wasana wasitaning Pramesthi  
 pramati wetuning dya widagda  
 dadi dalan tuladane  
 dinunungaken weruh  
 werat wirasat pangrasuking  
 pelah pilih anaa  
 bandhinganing tuwuh  
 tewasing kadrawasana  
 nemu kapiyandhem kapati brataning  
 kasmarana tan iwang.
31. Sawawantoning kang layak dadi  
 kojat kaprahita sabuwana  
 binadhe kurang pantese  
 sinog prabaning ayu

sangkanira sang Lembukuning  
kenang pangawesyara  
wiraga tan besar  
kapesat apes sapisan  
umulat mulaning andawa daweging  
anandhang ing wigena.

32. Wigenaning abrangta akingin  
kakungkung dalidra kadadawan  
dhawuh ing mangko kejote  
tyas katrasan ing limut  
lumaksana anranga maring  
tisaya gni sagara  
korug arga watu  
tuhu tan wigih anerang  
teraping pamilala tan anglilihi  
laladan akundhangan.
33. Kandhih ing pamilah mamalaning  
adreng kapidereng durung mendhak  
panduking ati pamreme  
pamrep pamaksa asru  
asrana medahken saliring  
ana manggeh sambada  
pandeking sakumrut  
kumrab umadeg wulu grah  
gragalan galak golongan kagelunging  
rupa sapanindakan.
34. Kaduk ing tan salaya ungguhing  
murda doh angga-ungguh manusa  
angseh ing dedeg dadage  
dedel prakosa pengkuh  
kapangku pangarep prajurit  
kereng keras akantha  
katoging anutug  
teteg tatagan gorakya

sangkaning arah mangke mangkat tumuli  
apangilaran ing dya.

35. Dadya akarsa tilar nagari  
gareteh rentehing tana karsa  
ambakta rencang jengkare  
jongkoting krasa ewuh  
karanya kawedal kodal ing  
piyaturanira sang  
patih wstanipun  
sang Lembuawu kewedan  
dalah umatur wanter anjujuweti  
pepel pupul pinalang.
36. Pinalangan panglaluning wani  
adan sang Lembukuning amojar  
heh kowen aja carewet  
weweka angko aku  
akeh kang dadi rerebeding  
ati atinggal bala  
angubet sing kewuh  
kewala kawilang-wilang  
welehana mulung pamulunging olih  
recep paceking langka.
37. Langkara karobana ing becik  
pamucuking garagal kanggonan  
guna gananing cabar kye  
angko mami mawilut  
lumaku lumu kohen iring  
riringga enggo pita  
patuting tinemu  
tumangkar kukuhing arja  
tan polih tulya sang Lembuawu aglis  
umatur awotsekar.
38. Heh sang Raja Lembukuning mugi

konjuk ing atur dasih kasogan  
agung sesemang milane  
aprikedheh atumut  
tumanggeh atanggap ing sakit  
kasrah kataning angka  
ingih pon akatur  
kontapa angilarana  
liripun asring ing andhasthakaken ing  
tumut sabayantaka.

39. Dan amuwus kang dinuk ing gosthi  
heh kohen amrih kudu amaksa  
masih durung anambate  
kayanganku asuwung  
sapa kang dadi jejeraning  
kang angraksa asrama  
samun ing satuhu  
tangga grah gigil agelang  
gulung gelenganing kang layak pantes ring  
yan ing urip uripa.
40. Mangkana kang amyarsa sabdaning  
bramatya panced ajrihira sang  
Lembuawu panyiptane  
jroning urip alampus  
puaraning ajrih tan sipi  
supe sakedhep netra  
traping tan abayu  
sumungkem aneng wentala  
tulusing kampo adan sang Lembukuning  
kendhang saking kayangan.
41. Gayu akasad delap pratiti  
pratignyaning sang kilat arupa  
rempuging dewata kabeh  
kabubuwan ning anung  
nekakken satindak lakuning

wetuning gara-gara  
kumrusuk gumuruh  
umreging kayan kaserang  
pracandha tandhane sanghyang Lembukuning  
kendhang saking sasana.

42. Ngumyang umyung meses angin-angin  
nira bayu kumedres kadresan  
sirneng kanan kayu kabeh  
tub mananan kabeh rug  
sempal papal kaparapal ing  
sang anila pracandha  
kapupuh puh kapuh  
palupuy kampeh kapuyan  
etu warah tang watek gathik gumuling  
tulya wimbagni maya.

43. Mayenging satya kabrasat bresih  
satya prasamya mregil ing guwa  
gayyara guwa nyata len \  
ranya ri Yama tuhu  
nikang kenasesesa dhemit  
sarsaran mawurahan  
sarjaning anu<sup>s</sup>up  
nesep ing asepi simpar  
kasamper kasampar ing prabawa lewih  
liwran sakyehing satya.

44. Katon widagda sang Lembukuning  
ngen-angene ing mancali putra  
mancali putri lakune  
lukar lengkep kapagut  
tan pegat pambeking awingit  
wedaling kasantikan  
santer tetering wus  
kewesing anerang baya  
bayane sapantar ganal lawan repit  
repat tan winigatya.

45. Sigegen kang angulandara ring  
brastha pratisthaning gara-gara  
yantén kang kocap samangke  
Jaka Sumrandana duk  
ange ring angewi ana ing  
taman ingkang awasta  
Nusa Batulisung  
bentar wentaring alara  
lire tan kasurupan dhahar aguling  
gelaring kanastapan.
46. Tempuhing pangulatan dayaning  
yakti tan kasamar kasangkriban  
tambah tibane larane  
cukuling tambah-tambah  
katanbaran amilarani  
mala sering amenggah  
sanggoning angrantun  
tumiba ing tawang tuwang  
tuwuhing asambat ora bisa urip  
kamomosen masiya.
47. Nandhang anglakoni ing laraning  
ati metu embuh ingkang metang  
kentiring sadya tajeme  
tajaking kumalulut  
kalingana ing pamareming  
nenggeh sakedhap larap  
laruging andarung  
kadereng ing pangulatan  
pangaladesa srana amarikothi  
kontapa ing anampar.
48. Semuning ora olih kalaning  
nyenggang baga bageyaning tansah  
tinut tinutuh tutuge  
titiging ora weru

rasaning kampiran parek ing  
sudra sandeng kandhehan  
tutuwon angumbuk  
angambak ngambah ing sengk  
sangkening anemu dadalaning olih  
luwaring kapribawan.

49. Bawaning aewuh pamawaning  
animpen tampuh tepaning lara  
kalurung ing sadinane  
dadine ora luput  
pamupuning atinggal maring  
pandum pamilih malah  
bresih ilang kawur  
kawalahan ing pamalar  
mulunging dhamang amangsulana maring  
kang ora bosen ngajap.
50. Ing pangajaping lara kaganti  
luntaning duradi mapanaha  
sedheng sandeng pandamene  
pandalamening embuh  
pambeking panggagaping lagi  
tan legawa oraa  
andeleng angrungu  
angodalena pamalar  
malah kurang ing siyang asambung latri  
pangidheping katrangan.
51. Katrap ing apa ana katolih  
tularing ajar kajor ing lara  
kalurung liwat luwene  
winatara tan surud  
saradan doh lalabuhananing  
anilas saniskara  
karoban abawur  
bawaning angela-ela

lali angelak kaya angelih warih  
walatra ngamrih lara.

52. Panglalaraning amarikothi  
kanthaning lir kinonjana papa  
mupu sabarang tibane  
tambah tapakaning duk  
kedek ing dumelap nuhoni  
kalun ing pasambatan  
wanter akasinguh  
sangeting asangu sengka  
sengkuda duwea panyana nyananing  
anom bebelenderan.

\*\*\*\*\*

## 5. SINOM

1. Mangkana yen angucapa  
Jaka Sumarandana wis  
tutug ing pangayo ala  
kawelehing andayani  
kenaa ingkang pinrih  
parek angumbar pambawur  
bawaning ambalasar  
ing pangajaping kalantih  
katon ing kawenangan duwe pangarah.
2. Pangrasaning kamangkara  
ingkang lagi sunlakoni  
lir dhemen ing tawang tuwang  
ora na kang amangsuli  
pira saraning amrih  
amalar pangrasa kudu  
kawengan kang sinadya  
pangajaping kawlas asih  
sisiping tan kena pasthi dadi lara.
3. Laraning anandhang brata  
pantaring tanpa pinirik  
pangrabasa ing kendahan  
ado menangana maring  
panggagaping pakolih  
lali yen kala aturu  
tuwuhing kasrambahan  
asmara pangrasa lagi  
among ing kamangkaraning katriwandan.
4. Dawaning pangela-ela  
kaya angenakaken ing  
kang ora ora sinambat  
sambuting kajenekan ing  
kasandhangan kasarik

sarupane kang tinemu  
apudara lir pendah  
kaduk kabupaten wantuning  
kangen semang samangsa ora ndelenga.

5. Mangkana pangudyasmara  
nira kang kandhehan kingkin  
dening ora nana pisan  
pratandhaning anduweni  
asabaa niliki  
ing taman andona adus  
badhene katularan  
payuyunen bartawali  
kaliwating ambungkananing katiwang.
6. Kang kaya isun supaya  
kudu duwe pungrasaning  
kumawor ing kamangkara  
matinya uripa maning  
adoh dungkaping olih  
panadyane atinisun  
ora liwat anyandhang  
lara tutuwoning ati  
iya si maningan je den nggo atapa.
7. Tanpa laba yen toliya  
anunularana maring  
kawibawaning alangka  
lengkeping amuter maring  
tasik esak wis dadi  
pupundhen Sagara Kidul  
kodaling suka wirya  
wayaganing mangsa toli  
dhamanging anampar ing tanjek katiwang.
8. Tewasing amangsulana  
maring kumaya-kayaning

ati wawantoning ora  
layak kinayad ing ambrih  
dhamanging aniliki  
langka marganing katurun  
nanaduradi mapa  
kaya ujaringsun iki  
wis kaliwat ing ambungkananing sengk.

9. Karasa wis ora bisa  
among pangulandaraning  
ati tambah kang sinadya  
bula na rawating olih  
tengtrem katemahan ing  
senggang sanggoning angrantun  
tuwuha ing sajadad  
yen masih kasandhangan ing  
panedhanging ngajap kaya yan oliya.
10. Yakti ingkang katemahan  
ing awan asambung wengi  
angilangena kang mawa  
ora karasaning ati  
kaya yan ora olih  
panglilipuring kalurung  
larang langkaning masa  
masiya kundhangan maring  
asmara pangrasaning banget katrangan.
11. Tengraning manahira sang  
Jaka Sumrandana dening  
tan polih linilipura  
milaning samangke lagi  
amedharaken maring  
pangraosing tyas pupungun  
adamel guguritan  
ing epring tambelang gadhing  
kinidungan alagu Kalangambangan.

12. Ing sasampuning palastha  
cinanthelaken ana ing  
panging Wijayakusuma  
sinamur samar ring ambrih  
tan katon panadyaning  
agawe supaya nemu  
ing pring gadhing sinerat  
sinamar ana angarti  
katona bae ing tangan pangangguran.
13. Dangu Jaka Sumaranda-  
na linggih kasongan dening  
lumunging panging kajenar  
anawang kalañgenaning  
ujung pegat-pegating  
talata katon kasaput  
mawuring jaladara  
kemper kagawa ing angin  
angenakaken langut langen winulat.
14. Malah ing sadangunira  
tan supe kengetan maring  
kang pinaran kangen semang  
mangke kalaning lagi  
tan kiyat andhatengi  
prabawa turuning lisus  
pratandhaning awiyang  
mayahing umangkat saking  
prena Dewi Lodhaya Rara Tunjung ang.
15. Silaking lisus katingal  
warnane kang andarbeni  
prabawa wantuning pelag  
pilih ing oliya tandhing  
tandhane ora olih  
adining suwarna ayu  
kaya Dewi Lodhaya

Rara Tunjungbang utami  
suhur sapolahe pantes tiniruwa.

16. Wayahe ewong kang padha  
aulah angadi warni  
wenang yen ingaranana  
tan iwang angenakaken ing  
pandalamening dadi  
ing dadalaning kalurung  
lire ingkang kawengan  
atinggal ing anak rabi  
rebut acucuh kang kasambet ing unang.
17. Kena ing pangawesyara  
tan mari yen ora uwis  
tekang tutuging parastra  
lir tatrapping guna mandi  
ora mendha panduking  
esak kasoking angusut  
kesel ingkang anadya  
arep aduwe pamanci  
si piolah liwat dening di pelag.
18. Kalane mangke sira sang  
dyah suputring amanis  
sira Ken Dewi Lodhaya  
Rara Tunjungbang duk lagi  
lumampah amurugi  
Sumrandana ing ngenipun  
laganing awiraga  
lagi ing marga amethik  
ragulo sakali sami,asesekar.
19. Manahe Sumarandana  
ningali mangke rawuhing  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
sanget ing kados amanggih  
ingkang wis mati urip

maning pangrasaning epyuh  
kapusaran ing tansah  
sanget pangarep-areping  
manah tinemu lawan Dewi Lodhaya.

20. Lan Rara Tunjungbang mila  
saking tan kangkat naheni  
amonging brangta kasmaran  
ing pangrasane sajroning  
urip kaya yen bali  
maring pangrasaning kudu  
sadinane lumuha  
yen ora ngucap ngrasani  
supaya sanget sinamar sinangkriban.
21. Prandene natyane nilas  
pangaladesaning ambrih  
riri rarasing kasmaran  
sinrananan panglalanti  
lantaran aja oli  
ing pamaksaning andarung  
andaranakaken pang-  
gagaping manah kasarik  
sering balak-balik ing ora dikena.
22. Kena yen ingaranana  
angilangaken panduming  
pamilihe sak kasogan  
segut sagnahe dadi  
dalaning anglakoni  
lir wong kang keder kapaung  
kaparag ing wigena  
kena ing dhemen kapati  
tiyasa sayakti tan kena sinamar.
23. Mangkana ing manahira  
Sumarandana milaning  
aningkir sing prenahira

linggih kang pinrih ing galih  
kalampahana kongsi  
enggal kawanguranipun  
ing guguritanira  
ing kang cinanthelaken ing  
lumuning pang kembang Wijayakusuma.

24. Dewi Lodhaya Tunjungbang  
sampunging rawu wonten ing  
wau ing panggenanira  
Sumarandana alinggih  
Dewi Lodhaya angling  
ing kang rayi wuwusipun  
dhateng Rara Tunjungbang  
pratandhane laku silih  
wong kang lumuh katemu kalawan kita.
25. Mau si sun deleng ana  
barang sun parani toli  
anglarut mampus anggabag  
kadar wong apa iku thi  
Rara Tunjungbang toli  
enggal nambungi pamuwus  
mangko sok katemua  
sun tukari bonggan silih  
jing ora nana embuh parane lunga.
26. Ngalem dene iku iya  
si kuwen kuh teka sengit  
bisa laku sesetanan  
yen ora teka tumuli  
mengko sun kasrengeni  
karep enda konò iku  
Dewi Lodhaya mojar  
mengko iya sun rewangi  
isun angrasaya maring bocah-bocah.
27. Wau kang sami ngandika

kesah saking nggene kampir  
ing kang sinadya ing manah  
akarsa linggih wonten ing  
kasongan pang lumunging  
**Wijayakusuma atub**  
upama lir amapag  
turuning angin sumilir  
angenakaken ing ati kumarasan.

28. Ing pangrasaning anawang  
tan kawengan ing pangaksi  
asrama samaning nusa  
sangsaya ngembehi adi  
dibyaning tasik asri  
kasaput ing mendhung-mendhung  
ora suwe amusna  
ilang kagawa ing angin  
ngentakaken ing padhanging tawang tawang.
29. Tuwuhing jlada doradya  
kadeleng pegat-pegating  
trebing ima ima kaya  
yomana adining tulis  
tulus lir parengganing  
adining laut sinawung  
kasawang kaya mora  
padhanging beninging langit  
alagut langening padhanging sagara.
30. Sarupane iwak karang  
sakabeh angungsi pinggir  
rupane amanca warna  
ana abang ana kuning  
kena sawawantoning  
kaya ingatur pasuguh  
dhateng Rara Tunjungbang  
Dewi Lodhaya kalaning  
tambah sangkaning kasandhangan asmara.

31. Dangu sami gugulingan  
ing gigilang sela wilis  
meles lir gedhah winulat  
liwat adining suwarni  
tan layak liyan saking  
puputren Sagara Kidul  
ingkang anglinggihana  
wis pantes cumreces dadi  
kolab kawentar wantering adi pelag.
32. Sira Ken Dewi Lodhaya  
ngandika dhateng kang rayi  
iku silih dening esak  
delengen gegel kang ati  
pantese iku lagi  
anedheng rupane bagus  
sapapadhaning kembang  
teka kapengen amethik  
undhuhena sok ngadeg Rara Tunjungbang.
33. Kang kinen enggal lumampah  
Rara Tunjungbang murugi  
sekar Wijayakusuma  
ingkang anadya pinethik  
sareng pedhak ningali  
pring gadhing ing luhuripun  
aisi guguritan  
enggal pinendhet tumuli  
matur kula manggih nikiyen punapa.
34. Thi teka wedi nggurayang  
mbok guguritaning belis  
tandhane nggone dedalah  
cumanthel ing epang aking  
pantese iku belis  
Roban tan dhemen kukubur  
Dewi Lodhaya enggal

murugi dhateng kang rayi  
andeleng marene gawanen sadhela.

35. Sampuning katur kaasta  
dening Dewi Lodhaya glis  
ngandika la ku tanbara  
wedi mbok amilalati  
jing teka aeng silih  
pantes duwening lelembut  
sun si ngarani iya  
ora kaya-kaya maning  
apa bane baya olih ing siluman.
36. Enya sun Rara Tunjungbang  
tanggapana isun wedi  
jing sira ingkang kawengan  
mbok ming isun mawa toli  
ing tangan mikarani  
karane moh wuse ndumuk  
pantes aweh ing sira  
buniyaning enggon iki  
amangsuli wuwus Ken Rara Tunjungbang.
37. Thi teka sing ora-ora  
raka si mung gating bating  
moh wawuh lawan siluman  
ora wani ora kedhing  
kula si angarani  
sajane kang nulis iku  
anggawekaken ndika  
tandhane ndika kang ambrih  
ing lunga kula den kon amethik kembang.
38. Yen kula masih ndhodhoka  
tan age mangsa menangi  
weruh nikuwen jing ndika  
akon lunga sing ngariki  
Dewi Lodhaya angling

lumuh kala temen iku  
abane yen rarasane  
wis menenga enya iki  
guguritan wacanen Rara Tunjungbang.

39. Sasampuning tinampenan  
denira kang rayi toli  
enggal anulya winaca  
syarane arum amanis  
pilih kang ora toli  
sakabeh dhemen angrungu  
kaya yen ora iwang  
angandhegena siliring  
angin abane Dewi Rara Tunjungbang.

## 6. DHANDHANGGULA

1. Angegungena ing gumampanging  
puara ado ingkang sinadya  
tinemu katemahane  
singlar saking panangguh  
nutug ing saulah jantraning  
sileman kang ngavangan  
ing Sagara Kidul  
kadeling kaduk ing sangar  
sanguning tinemu apa pati apa urip  
teraping pringabaya.
2. Bayane yen toliya denlirik  
lir anangga ing tangguh sanggupa  
gup pengendaken sakehe  
sakukubaning tuwuh  
tuwasing asambat sambuting  
ujar ngajar kajoran  
jumuwet kajangjur  
angajokaken ing papa  
pamuputaning asarana renehing  
atinggal turu pangan.
3. Pangatag katon katunggon dening  
lamon masih durung akundhangan  
ing buniyan pangawake  
kaya ora kalebu  
lebaring pandaya ngulani  
luning sambat pawarta  
parantining ewuh  
kang anadya among sanak  
anut tut buri mandraning greha ganti  
katon ingkang sinadya.
4. Panadyaning kang kamangkarani  
toli kawengan sakedhep netra

katularana dhamange  
yen mawuhana isun  
kasub kasor kengsering dadi  
tapak wayang-wayangan  
wayaganing lumuh  
lumayad layuning papa  
amupu pamungpang paparan adohing  
banyu dadi dharatan.

5. Antarakena ing salawasing  
urip tumekeng pati watara  
tangeh kadungkap olihe  
anglonglonana sanggup  
tan sumbat kasambungan dening  
dunung dinum ing para  
langit kang ginadhuh  
ginawe apa maningan  
ingana kagegelan kagelung dening  
gelaring tan alayak
6. Layuning andong pamarataning  
kantun panarima ing pangajap  
kaju ing ambek mulane  
mulunging apikukuh  
kekeling katalawacan ing  
pracinaning pambeda  
padhaning abangun  
bangeting pangela-ela  
lali ing cengkah kasogataning olih  
laladan linadenan.
7. Den endahena uwis pantesing  
tempus ing kapusaraning lara  
lire ing adoh apereke  
keketing banaliwung  
kawurya tan sarana awrit  
bangga bagen jing iya

atinisun kudu  
dumama ing tawang tuwang  
tuwi karasa sengit sangeting ambrih  
sinapa winawuhan.

8. Panampar peper wartane uwis  
dhangang tangara udan-udanan  
mangsaning terang wayahe  
ing wayaganing turun  
rendheng mendha mandi panasing  
srengenge lir katiga  
tunggaling dalu rus  
deres prabawaning langka  
lumangke langkeh kang aduwe sadyaning  
arep ing andunungan.

9. Mambu ambledhug wedhi pasisir  
saranta renteh kasasarana  
asering balik balake  
biluk ing ora sanggup  
saran arene sasangoning  
sagenahing anulak  
kang aduwe atur  
katoning anggugah-gugah  
gegelinga tinggal ing kayangan erit  
karoban ing kumrasan.

10. Pangrasaning awibawa mukti  
muter sakayangan ing Lodhaya  
layak ing dadi katute  
katularan aretuh  
renta atine anduweni  
sambating kaniaya  
kaya ing anglalu  
ing aduwea panyana  
oran na rawat arep mangsuli maring  
bawaning kamanusan.

11. Sungsat angangsokena pareking  
 akilayu layaking tiniwang  
 suwung ora na pantese  
 ing angladeni mawuh  
 awora ing mega mungguhing  
 isun pasthi atemah  
 ing tinundhung-tundhung  
 tan auman ing amalar  
 malering tumiba ing denuring-uring  
 arang amenangana.
12. Menangi lambening angumbangi  
 angodalena wanining cabar  
 ing kacamboran wateke  
 reh kumabisan isun  
 anusul lakuning dhedhemit  
 kaya anyagerena  
 cenehing kasingu  
 sanggone mangsa payuwa  
 payuyunening tinūbing getar pait  
 puwaka kawadhukan.
13. Puwaka ora na kang tinampik  
 gula bangawan weteng sagara  
 sarupane kolu bae  
 kang malang-malang putung  
 pantaring papanganan kang wis  
 tibang lemah lumayan  
 prandene sun puluk  
 ora ningkiri sapala  
 endi dalam kinapotangana dening  
 pupundhening sileman.
14. Alemaning rumaksa pasanging  
 antarakena ing pasawitan  
 wetuning ati kudune  
 kadudon kadalurung  
 larang langka wruh wasitaning

candhalaning canthula  
tularing amberung  
bara arep angrungua  
pangaladesa dasi anunulari  
kuranganing kabisan.

15. Bisa ndelaning warta wantuning  
endi padhaning alumaksana  
den wenten panalikane  
ing tan kanten kawetu  
kawatara swawantoning  
wani waneh wanawah  
katurunanamu  
temening amindhakawan  
kawudan ing pamilih malah malari  
kang doh pinrih pareka.
16. Parek ing asandhing bancananing  
luwes luwanging ora na ketang  
ketung ing lara laruge  
liriganing kajangjur  
anjajaken ing lara pati  
papa ta ing tan daman  
baya kaya isun  
sering ing kapatibrata  
bantahaning kang ora gelem mangsuli  
prandene sun pilala.
17. Lalar gawe angagungkaken ing  
pangangka-angka bula toliya  
anaa ing kayaktene  
sapidhaning anglindur  
wuryataa agawe ambrih  
kadereng ing angajap  
ingganya kasawur  
sawawatoning andelan  
delaping kang maksa angungseda maning

warta awur-awuran.

18. Wayahe kang kaya isun iki  
jar durung andungkap ing alara  
lire ing panggagampange  
anggamplengaken kewuh  
kaweleh ing tindak lakuning  
esak kasok ing ala  
walatraning tangguh  
tanggap ing cabar ambanar  
bener ingkang duwe tembang kaduhunging  
andelap kapracayan.

\*\*\*\*\*

## 7. SINOM

1. Ing sasampuning palestha  
wau ing pamaos gurit  
sira Ken Dewi Lodhaya  
Rara Tunjungbang langkung ing  
lir wong kasambet dening  
asmara tan mari lulut  
laladaning tan kena  
mari pangrasaning lali  
kasandhangan pangrasaning manah uyang.
2. Yakti ing apa oraa  
rereh pangrasa rasuking  
brangta kandhehaning unang  
ngenakakèn pangrasaning  
egaring panggeleking  
manah supanten sinamur  
pamupuning ambriya  
ing natya sampun katawis  
wiyosa darbe pangguligahing manah.
3. Merang yen kaweruhana  
Ken Dewi Lodhaya dening  
sira sang Rara Tunjungbang  
punapa dene mbok toli  
kawelesita maring  
kang ibu mila kalangkung  
sanget panamarira  
sinenggeh yen wonten sami  
manahira sang Dewi Rara Tunjungbang.
4. Danguning sami ngandika  
wonten awrating dinugi  
natyane Rara Tunjungbang  
kasamening andarbeni  
asmara brangta kingkin

manahe lir kenang kucur  
kuciwa amiyarsa  
kang nadya nekakaken ing  
pasambataning aduwe pakarepan.

5. Mangkana ing mananira  
tan binten sakali sami  
malah ing sadangunira  
tansah ing dugi-dinugi  
sasampune wonten ing  
rawating pangartosipun  
tan salaya ing manah  
dadosing kempa meranging  
manah anemu tunggiling pakajengan.
6. Milaning rinasuk pisan  
pinrih manahe kasarik  
sira sang Rara Tunjungbang  
banggih amlesitaken ing  
warta watek kang pinrih  
kekering aja kawetu  
tataganing binasa  
Dewi Lodhaya yaktining  
ora tiwas kang ingarah pasthi kena.
7. Tandhane Rara Tunjungbang  
sanget enggene kasarik  
miyarsa ing pangandika-  
ne ingkang raka langkung ing  
wageda ngunggar maring  
asmara gencing kung lulut  
kawilet ing prabawa  
wantuning pinriya dadi  
dalaning panggugahing ati abrangta.
8. Tangah yen ingucapena  
angsala kawekasaning  
senggang ing sakedhap larap

kaparan ing brangta kingkin  
kakukung asmaraning  
prabawaning tumbuh-tumbuh  
tan baraning amawa  
muwuhi pangrasa dadi  
dadalaning agawe ora karasan.

9. Sang Jaka Sumarandana  
kang lagi winuwus malih  
malah ing sadangunira  
nilib ngantarakaken ing  
kintening pamatawis  
reh mangke sampun adangu  
kados yen kaweningan  
kang sinerat ing pring gadhing  
denira sang Lodhaya Rara Tunjungbang.
10. Milane mangke atemah  
Sumarandana muji  
ing nggene Rara Tunjungbang  
Dewi Lodhaya alinggih  
kala lagi lumaris  
rarasing laku sinaru  
abaning gereh mandra  
lor kidul aganti muni  
tan meneng pinaran tumraping prabawa.
11. Wau tatkala miyarsa  
sira adining mamanis  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
bangeting panyana pasthi  
tan ana anduweni  
ing prabawa gereh kidul  
liyaning Sumrandana  
kang anekakaken maring  
liyaning kang gereh mandra asauran.
12. Dewi Lodhaya Tunjungbang

pan sampun angadi warni  
rarasing natya katawang  
tuwuhing abeberesih  
salir kang denggo dadi  
pantes kabeh kang rinasuk  
sira Rara Tunjungbang  
Dewi Lodaya ningali  
ing rawuhira Jaka Sumarandana.

13. Sumyaring natya katingal  
tulusing egaring galih  
karanten sanget nggenira  
ing anamar anangkribi  
pinrih saniskaraning  
owahing laga dinulu  
maksiya kados saban  
tinambuh aja angarti  
mila Dewi Lodhaya enggal anapa.
14. Bageya sing ngendi sira  
mulane teka nglungani  
dureh ta isun sasanjan  
toli alaku dhedhemit  
pantes jogode keru  
yen ora lungaa mampus  
Rara Tunjungbang mojar  
sumakeyan iku silih  
sengit temen kadhe siraku wong apa.
15. Mulane teka mbuburak  
dureh ta kita marani  
pantes barabeyanira  
kasukeren bari muring  
lumuh parek samendhing  
dadi panas ongkeb sumub  
badhene awakira  
Sumarandana mangsuli

jemak jing wenten dunungan enggih kesah.

16. Tan age mangsa puruna  
yen dereng midhanget maring  
pangjaning kang amawa  
dhangana kula anglampahi  
mbuh manda dene toli  
iyaa kang wis den ungguh  
yaktos mangsa wontena  
darbe pracanten ing galih  
lintang karaos kula nguliyang simbar.
  
17. Bara ing angsala dalam  
kawenganing amenangi  
ing panarwehing bandara  
karanten manah langkung ing  
egar pangraos kongsi  
lir manggih emas sagunung  
genahing tan alayak  
linayad layuning ambrih  
puruna lantaran kinanthi ing natya.

\*\*\*\*

## 8. KINANTHI

1. Dewi Lodhaya amuwus  
mangsa kuranga babangkit  
wetuning lambe rarasane  
singa wong iku angarti  
yen cukuling pangangguran  
srek aja ora mangsuli.
2. Dadine sawetu-wetu  
ing kang ora kedhang-kedhing  
mung tatamba aja ora  
anilasaken ing wedi  
karane abane teka  
pati-pati ra rambeting
3. Angucap kang embuh-embuh  
angawar ngaran-arani  
angangkah kang ora-ora  
sembataing wedi bula si  
isun asiyung cacarat  
teka sira kagilani.
4. Saabaning wong kabutuh  
betah agawe wetuning  
palingsiraning rarasane  
temene tur iku belih  
yen moh sungkan iku iya  
atine parek sadhidhik.
5. Tandhane dentinggal mapus  
Rara Tunjungbang nauri  
pantes denprih ambrih aja  
suwe karasane ing ati  
dhemena saba ing taman  
isun si ya angarani.
6. Kaya ngalem dene iku

ora dhemen ora kedhing  
yen ana wong sumakeyan  
tan bara teka mbebethil  
ya gagadhangane sira  
besuk jeh sun popoyani.

7. Jing bonggan mimiti kudu  
gawe tutuwoning ati  
la kuh temen besuk iya  
isun ora lali-lali  
yen isun mulih ing umah  
sira sun tukari maning.
8. Sali maha temen iku  
padatane ambuncari  
mbesuk isun ngarasaya  
kabeh sun kon angumbangi  
sun kon anjangkraki sira  
Dewi Lodhaya nambungi.
9. Iya jing wong apa iku  
kewat karancade dadi  
dumeh ta bisa anukma  
ing mandraning greha ganti  
katon ambrihe katawang  
agawe panas ing ati.
10. Si kuwen pantes ginebug  
benggan nyedhihaken bari  
kari ing tangan yen ora  
arep anggarut nyakari  
kabeh maring awakira  
kang gemet aja ana kari.
11. Jaka Sumrandana muwus  
enggih yen terus ing galih  
upami panganggurana  
lathi ndika ambendoni

mugi sampun kalampahan  
paos ngeselaken lathi.

12. Lantaran wedaling tambah  
bula wontena regining  
wiyosing sabda sapada  
panduman akundhangan ing  
seger waluyannng badan  
bina ing botena yakti.
13. Yaktos boten anglelewu  
milaning aman yen kongsi  
dhawuha ing tawang tuwang  
tuwuh ing tanpa wiyosing  
boten cukul saking manah  
enggen ndika ambendoni.
14. Milaning maras kalangkung  
upami enggiya toli  
ndika engge angangguran  
ing lumuh menenging ambrih  
wontena kang ingumbangan  
tibaning panguring-uring.
15. Karanten sadangunipun  
panedha kula ing galih  
pinten bara yen yaktosa  
sotaning sawawantoning  
adarbe ing kawilasan  
yen maksih kanggenan runtik.
16. Patitikaning panangguh  
angunggar ing anggeraning  
emana maratan ana  
aja na kaliwat kari  
karo ing duduka ndika  
boten wigih anglabuhi.

17. Dewi Lodhaya amuwus  
kaprebe abane silih  
wong kasrengen yen oraa  
metu cukul saking ati  
mangsa bisaa rarasan  
sok takona ngendi-endi.
18. Jamake wong ngendi iku  
menganing lambe yen lebih  
singa ati tumoli mangsa  
cathus-cathus bisa muni  
embuh ta yen lambenira  
duwe madhuk duwe ati.
19. Yen wong jamak ora ngrungu  
murah yen metua saking  
cungur kuping cangkem mata  
Rara Tunjungbang mangsuli  
mandene pating karencang  
badane sakabe pasthi.
20. Kawayang pating sarentug  
ana tangan ana sikil  
angajak dhewek-dhewekan  
yen padhaa duwe ati  
la ku yen iya anaa  
teka wedi amareki.
21. Jaka Sumrandana langkung  
kamanisen ing Kyen Dewi  
Lodhaya Rara Tunjungbang  
sangeting pangrasa toli  
kaya ge angarasana  
saking tan drana ing galih.
22. Malah ing sadangunipun  
tan polih rereh rarasing  
wiyosing sabda mangsulan

lantaran amyarsa maring  
penthusing tutuk amawa  
anggaregetaken ati.

23. Katon sapapantese duk  
angumbar bendraning liring  
lire sang Rara Tunjungbang  
Dewi Lodhaya tinub ing  
payuyunening pantesan  
saranta ana pamanci.
24. Pracinaning ayu nulus  
nelas kang kandhohan dening  
remen prabawane mawa  
ora ngenengaken ati  
lumuh ora angusyaa  
amangku raina wengi.
25. Mila Sumrandana langkung  
remening manah kasarik  
panggagaping kamangkra  
yen kongsiya denwangsuli  
samangke nembe kawengan  
dhamanging natya mawuhi.
26. Mila adarbe kakuwung  
pangaladesaning ambrih  
kongasa ing sapanadya  
ning malak mandara kongsi  
katolinyana ing sengk  
ingkang lagi denlakoni
27. Milaning sinamur-samur  
tansah ngilari pasang  
kala mangsaning ambriya  
angsaling amikenani  
sampun enggal kaweningan  
punika kang densangkribi.

28. Jaka Sumrandana muwus  
kula ajeng nungsung warti  
ing lampah ibu andika  
ing samangke kadospundi  
lami ing pangraos kula  
teka dereng amekasi.
29. **Kapengen** midhanget tutur  
kula nggih ndika wartani  
darapon eca ing manah  
kula mungpung ameningi  
ing jatukrama andika  
Dewi Lodhaya mangsuli.
30. Embu isun ora weru  
beda kaya **nanaliktik**  
ora ngrungu ora barang  
ing pawartane sadhidhik  
bula ta lunga-lunga  
teka isun dentakoni.
31. Yen isun ora sumaur  
mbok ana kang angarani  
ing isun kawat karancad  
iku emohe kang ati  
tanpa laba dendaliya  
kaisunan kumadhiri.
32. Ragi sakedhap kalangsu  
kalajenging andarbeni  
katilar **lumuhing natya**  
ing angucap angrasani  
sasampuning kaweningan  
pakangsaling angladosi
33. Yaktos kawekasanipun  
tuwuha ing anangkreti  
miyos pepeting pangarah  
ing kang lagi andarbeni

panyangga-nyangga ing manah .  
meneh sadanguning linggih.

34. Sumarandana tinangguh  
darbe ing manah kasarik  
dhateng sang Dewi Lodhaya  
Rara Tunjungbang dinugi  
mila sang Dewi Lodhaya  
ambrih ing patakon nuli.
35. Bebenerane si isun  
ing kang atatakon dhingin  
patuta kang awe warta  
pantes sira ing kang olih  
amba jangkehe wong lanang  
lulungan ming ngendi-endi.
36. Enak temen dene iku  
atine ora nduweni  
arepa ngulisik obah  
teka ta abane toli  
ijab laku babalikan  
wong wadon dentatakoni.
37. Kaprehe oraa isun  
duwe tutuwoning ati  
karane aja nemaha  
agawe dalaning ambrih  
wetuning tangis jing sira  
metu kudu amimiti.
38. Parandene gah angaku  
welas jo eman samendhing  
mbuh iya maningan eman  
yen aja akundhang sengit  
sang Jaka Sumarandana  
gepeh denira mangsuli.
39. Ijab iku saking mau

dalah ingkang durung mari  
satekaning umbang-umbang  
bangga temen iku silih  
baya dendalih punapa  
ing manah kula puniki.

40. Supanten ing bodho bingung  
boten saged anglampahi  
ningalena pasuwitan  
kang layak denpracanteni  
supados dening dumelap  
maksiya nuhoni urip.
41. Yajana eman anggunung  
kang kados kaula yakti  
boten liwat kasasaran  
pamaido **amastani**  
kumalera ing bandara  
darunaning ambendoni.
42. Badhene jing sampun tuwuh  
enggening cecelekaning  
ing tanjeking umbang-umbang  
bara menangana toli  
kadeling wong andunungan  
yen boten ndika kawleri.
43. Pangraosing manah langkung  
anggen kula andayani  
ing katemahan aenggal  
ing ndika sami akrami  
malah kula kalampahan  
lagi nuju Gara Kasih.
44. Ing sasipeng kula ngutug-  
aken ing dupa samedhi  
dalah kula katurunan  
ing dewa kalangkung adi

dibya sang kilat arupa  
rempug pamugasing dadi.

45. Wicanten ing kula dhawuh  
sarta angasungaken ing  
sekar saking kasawargan  
kathahe amung kakalih  
singa ingkang angangeya  
puniku anenggen pasthi.
46. Yen menggeh titiyang jalu  
enggal enggene arabi  
punapa malih wanodya  
yen nganggeya gelis laki  
ing sawawangkiding dewa  
yen boten kening sawanci.
47. Kudu kang angsal puniku  
sarate kang nunumpangi  
bari boten kening tebah  
kedeh pagepokan kulit  
sarana idhep ing ujar  
ajer ing natyane manis.
48. Boten kening wong marengut  
semu andodo ngandohi  
punika dewane ewah  
embok toli boten mandi  
aduning tatraping sarat  
kudu ing anglogawani.
49. Saparentahe denturut  
boten kening nawalani  
yajen **denkena punapa**  
papali yen **andarbeni**  
wangkot boten idhep ujar  
layan saranane malih.
50. Kudu alungguh ing pupu

papangkon ngicalaken ing  
sakathahing lara roga  
ragi boten **kenging tebih**  
tebaking aliliyangan  
ing bau bawaning ambrih.

51. Anunggil lawan kang asung  
supaya dadosa toli  
pamunah padhane kaya  
wong rinuwat denadusi  
samining kawalatrana  
sabadan aja na kari.
52. Ing ambekan manjing metu  
malah ing denwanti-wanti  
puniku ingkang pinangka  
toya badhe angedusi  
ing sawawalere ingkang  
maring kula anuduhi.
53. Dewi Lodhaya amuwus  
asmu sendhu denirang ling  
sapa kang ananggap sira  
babarang amemetangi  
ora akeh nora barang  
ora jiyada ngupahi.
54. Bula ta isun malaku  
kapengen gelis alaki  
angrasaya maring sira  
teka anglarani ati  
temen laku abanira  
kaya wong sumengit-sengit.
55. Lumuhe parek lan isun  
den daya gelis alaki  
angling sang Rara Tunjungbang  
ngapiasemaken ati


ana wong amadhukunan  
tegane ing kene iki.

56. Abane wong tambah-tambah  
tan bara agawe sedhi  
umbanging wong anenedhak-  
aken ing gelisa laki  
dali-dalihane apa  
jing lumu sun susukeri.
57. Ingkang dinuk ing pangambul  
mesem sarya amangsuli  
milanipun kalampahan  
kaula ing asamadi  
kongsi anedha ing dewa  
inggih rumaos andasih.
58. Wiyosing welas kalangkung  
mila kedeh andayani  
enggale ing jatukrama  
muput bawaning amukti  
nulya ken Dewi Lodhaya  
enggal denira mangsuli.
59. Yen iya welas ing isun  
mulane si ora ambrih  
amurungaken pawarta  
ning Roban kang ambuncari  
ujarira duwe dewa  
mbok apa takona maning.
60. Sumrandana aturipun  
boten kenging malih malih  
ingkang anedhuh ing dewa  
barang panadyaning galih  
sok ugi angestokena  
ingkang pedhek kenging **tebih**.
61. Barang **sapanedhanipun**

- tan wande dipunduluri  
 amuwus Dewi Lodhaya  
 mbok dewane anyidrani  
 arep sira muga apa  
 yen ora temen sayakti.
62. Rara Tunjungbang tumungkul  
**anamar egaring galih**  
 agawe renguning natya  
 apindha laga aruntik  
 minge tur sarwi amucang  
 wiyosing wuwus amanis.
63. Yen ta angandela isun  
 ing wong kang lagi angramji  
 kang alaku sesetanan  
 malaku denpracayani  
 tewas apa kalakona  
 ngulati laraning ati.
64. Parandene si yen sanggup  
 amurungaken alaki  
 embuh si durung karuwan  
 Dewi Lodhaya nambungi  
 sumilih isun gah iya  
 sanggup ora lumuh belih.
65. Mangkana **pangidhep'ip'un**  
 wau kang amor ing pambrih  
 kadi sampun kalampahan  
 ing amangku angarasi  
 amriyembada ing manah  
 supe duk kasambat gusti.
66. Adarbe manah pangukup  
 saking pracantening galih  
 reh ingkang pinangarahan  
 samangke meh andhatengi

lumuh enggaling akrama  
pan ya mangkana kang denprih.

67. Ingkang jinor ing pitutur  
manahe sakalih sami  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
sanget ing manah sinangkrik  
lumuhing natya katawang  
adarbe begaring galih.
68. Karane nadya anurut  
rinaos pungpung amanggih  
kalamangsaning kang mawa  
wonten ing margining sangkrib  
sangkaning icaling merang  
ing sapangraosing istri.
69. Dewi Lodhaya amuwus  
angewuhi temen iki  
parentahing dewa apa  
teka je sabagi-bagi  
denpenging ngulisik obah  
maling malingane silih.
70. Sumakeyane anggunung  
dureh talah kang wis koni  
kasuhur lamon kawasa  
parentahe anglewihi  
denekon apa kang ora  
laku dening memedeni.
71. Tan bara bebeg angrungu  
arep ora anglakoni  
dene teka tanpa laba  
toli anerang papali  
bula si oraa dewa  
iku jeh kang anuduhi
72. Anuta belihe isun



Sumarandana mangsuli  
punapa karsa andika  
ajeng anglampahi enggi  
upama kula akena  
miyos kados amamardi.

73. Milaning salaminipun  
karaos ing manah ajrih  
enggi saking boten layak  
rehing anampa raosing  
tatraping usada beda  
boten dhumawuh ing istri.
74. Binten kenging sanesipun  
kang lumaksana nambani  
punapa atur kaula  
ingkang wau boten gingsir  
Dewi Lodhaya angucap  
endi sok toliya mandi.
75. Isun iya sadya nurut  
nanging aja ora yakti  
yen bobada laku sira  
ora wurung sun umbangi  
bonggan jing sira kang mawa  
gawe pangandeling ati.
76. Jaka Sumrandana muwus  
tandhane punika silih  
sawawantoning tan layak  
jar kirang amracanteni  
sakathahe atur kula  
Rara Tunjungbang mangsuli.
77. Sapa ora ngandel iku  
dene bobad temen silih  
sing mau gah isun iya  
ambrih age-age uwis

Jaka Sumrandana ngucap  
ndaweg ndika sami linggih.

78. Ing pangkon sakalihipun  
kang kinen sakali aglis  
Lodhaya Rara Tunjungbang  
denira anglaksanani  
mungga ing pupunira sang  
Sumrandana denlinggih.
79. Ing sasampunipun tuwuh  
kadhatengan ing sagunging  
beka bangkiting pandaya  
yakti ing patis patitis  
putus pantes tana iwang  
mumponi gānāl arepit.
80. Amuput pantes amupus  
tewasing kang sarananing  
daweg panggagating brangta  
wanter wetuning katodhi  
tedhasing kang kadrawasan  
sawawantoning alewih.
81. Wicaksananing abaud  
kabaulana kang pinrih  
pinaran ing wisasmara  
tan mara angilayoni  
layaking yen linayada  
aduning brangta akingkin.
82. Keketing pangkat kalarug  
laraganing amumponi  
saniskaraning katrapan  
tempuh tapakaning asih  
sosonggoning dama eman  
ing panemuning kapati.
83. Patuting ora anemu

pamugasing asrana ing  
tanjeking wong kaduluran  
ing pandura sambadaning  
dibya sangkaning kabyatan  
batuwa tuwuhing lewih.

84. Widagda doning abangun  
pamumunguning angudi  
ngudaling asmara brangta  
pantaring tan ana mirib  
kaya Jaka Sumrandana  
mikena ing amekasi.
85. Sipi kang ora alulut  
kalolita panglanturing  
lumuh ing pisah supaya  
ing kasusupana dening  
cela calathuning ora  
nanaa padha kasarik.
86. Seranging prabawa bagus  
bebesen ngulatana ing  
sasungkuning jagad raya  
tan reh yen kayomanan ing  
pelag angloding kaladan  
panglandenging nirmala di.
87. Dibya aning sedha tuwuh  
tan tuwang katawengan ing  
pangaruh jero utama  
ing sapatemoning dadi  
dadalaning pasambatan  
ing pambantering abecik.
88. Pamancataning amucuk  
pacaking durung menangi  
rupane Sumarandana  
kena ing dinalih-dalih.

sapadha lan widyadara  
tumurun saking sawargi.

89. Marganing mangke kaladuk  
kedek ing sumyaring galih  
ing sasampuning kawengan  
tagkeping sawawantoning  
sandi sudaning mikena  
kang tan pegat milarani.
90. Jaka Sumrandana muwus  
dene kongsi sarwa lali  
ing sawewekasing dewa  
baya kena apa iku  
laku ing pangrasa kaya  
lambeka den titindhihi.
91. Watu pirang-pirang pikul  
kasusun tumpang atindhih  
supaya oliha maksa  
ing wenganing lambe muni  
embuh bener embuh ora  
ing calathunisun iki.
92. Badhene kenang pangaru  
ing prabawa ingkang mandi  
bonggan kudu babangkalan  
aduwe ing kumawani  
amangku maring bandara  
karane si sarwa kancing.
93. Temen boten anglelewu  
ing aba kula puniki  
pantes enggih saking ndika  
maring kula mrabawani  
ijabing boten sapala  
pangaruhe wong kakalih
94. Yen den paidoa iku

- ing garayasening ati  
 ingkang boten kenging ical  
 cukuling katemben saking  
 uning raosing kawengan  
 ing pedhek kados puniki.
95. Mawi ing keketeg timbul  
 sabadan amaratani  
 wantering manah kecalan  
 kados tan darbe pamilih  
 karanten poma andika  
 mugiya angawelasi.
96. Upami botena tuwuh  
 kula ndika sak akeni  
 tan age kalelebaran  
 kados boten saged urip  
 Dewi Lodhaya Tunjungbang  
 enggal denira mangsuli.
97. Bisa temen englelewuh  
 binadhe temen sayakti  
 iya toli pira bara  
 duwea pangaruh mandi  
 tibane kang maring sira  
 aja kena kenuculi.
98. Ngatuwoni temen iku  
 bari ta kaduli-duli  
 ngalem dene abanira  
 kaya anglindur angimpi  
 tangiya mbok kadadawan  
 aja masih turu lali.
99. Toli ta mawa teteru  
 mbuh deneng gegedhen silih  
 embuh si yen tutularan  
 sing sira kang amenehi

isun si jing kamangkara  
ora duwe ora kedhing.

100. Bari ta abane iku  
maring isun angarani  
kaya setan wadon mawa  
titindhien lambe beli  
bisa menga ararasan  
bungkem kaya dentutupi.
101. Panyanane dene iku  
atinisun belih sedhik  
tur sengit kabina-bina  
Sumarandana mangsuli  
nikiyen si sampun waras  
kados lagi wingi uni.
102. Jing kula sampun angrungu  
dhamanging lathi mangsuli  
enggih dados seger waras  
awak kula sapuniki  
karanten samangke ndika  
arah kula laksana.
103. Tumunten jing sampun dangu  
kang jinor ing sabdan ruti  
adan nulya sinekaran  
sareng dhawuhing susumping  
ing sang Lodhaya Tunjungbang  
sanget angembehni adi.
104. Dibya lir muksa sinawung  
wuryata tan ambandhingi  
adi suwarnaning pelag  
silih ora na kang belih  
ngame angrasa kedanan  
ingkang padha amenangi.
105. Mala Sumrandana wau

sampuning pinangku kalih  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
tan benggang nggoning ngekepi  
muwus Jaka Sumrandana  
Tunjungbang dinuk ing gosthi.

106. Poma enggih mangke sampun  
adarbe iri ing galih  
**jamak jing titiyang wreda**  
kang layak angarihini  
boten kenging katunasan  
dening kang kaparnah adhi.
107. Mengkin yen kula lumaku  
anglaksanakaken maring  
sapituduhaning dewa  
Rara Tunjungbang mangsuli  
sakarepe bilas enda  
ora akon ora panging.
108. **Dewi Lidhaya angguh**  
yen kang rayi asmu runtik  
renteh ing syarane ganas  
sareng nolih andhawuhi  
granane Sumarandana  
pangarasane kang keru.
109. Dewi Lodhaya amuwus  
la ku ora suka radin  
isun lagi mingge teka  
cungure ana nadhahi  
esak dene wong aleman  
ora dhemen ora **kedhing**.
110. Kongsu lara pipinisun  
jing teka dipapasangi  
cungure angadhang dalam  
sengit temen isun silih

Jaka Sumrandana enggal  
enggenira amangsuli.

111. Mangsa botena anuhun  
bebendu kang kula pundhi  
wau ing pangraos kula  
wonten tebahe sadhidhik  
ing awisaning dunungan  
ingkang layak densangkrete.
112. Ing pangraos kula tuwuh  
pituduhing Hyang Pramesthi  
estu dhinanganan enggal  
andika kula sirami  
ingkang pinangkaning toya  
ambekan kula puniki.
113. Adan anulya rinangkul  
ingarasan wanti-wanti  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
tan ana iri ing galih  
werating sami satimbang  
tebaking wageding istri.
114. Tiyasa yaktining kakung  
kumala sepa sipining  
tiwas tawaning pangarah  
pangaruh pangrobedaning  
mandi panduking asmara  
tan mari angilayoni.
115. Dewi Lodhaya amuwus  
iku si abane sili  
dene sayan wuwuh pisan  
laku ngatuwoni ati  
sumakeyan wong apraja  
angumbar basa basuki.
116. Karane wedi sumaur

mangsuli ing wong kang lagi  
kamidhemen ing babasan  
metu kewuhaning ati  
yen isun masih tompeya  
tan bara taha kang ati.

117. Katon ngambekaken isun  
apa maning ta kang lagi  
atatur ujing dewa  
Rara Tunjungbang nambungi  
iya jing teka aleman  
palambeyane anggathis.
118. Pantès je pambrihe kudu  
malaku denkatahani  
alaragane akona  
teka sayan angganali  
Dewi Lodhaya angucap  
ayu padha basa maning.
119. Jaka Sumrandana muwus  
babu dene anggunturi  
yen kula boten basaa  
wedi embok kenang sarik :  
jamak jing wong manakawan  
bandarane denbasani.
120. Upami yen boten tulus  
dadi pakenaking ati  
tan age mangsa waniya  
nerang kang denkaewani  
apa sarehing dunungan  
ora wurung anglakoni.
121. Langkara oraa anut  
tan age wedi mbok toli  
anerangi ngumbang-umbang  
angumbuh abaning amrih

kinatelingan amora  
mamanising dhangdhanggendhis.

\*\*\*\*\*

## 9. DHANDHANGGULA

1. Yanten kang lagya winuwus malih  
sira Gedheng Setraganda kala  
lagya aneruh lampahe  
sapidhaning anekung  
ing anekakaken pantaring  
pati patut ora na  
kang katon karungu  
angumbar bawaning cegah  
cagerena tan ana ingkang denlirik  
lir padhaning kunarpa.
2. Pan tan ana liyaning kang pinrih  
salamining tilar guling dhahar  
meheng ing ambrih enggale  
aneakanana rawuh  
ing batur patapan tempuhing  
ambrih pageh wonastan  
atraning jujuluk  
Sela Mangempeng kaparan-  
tining unggyana anepi aponyoti  
tapisen tan amendhak.
3. Panduking warah wireh asingit  
sanget sangar kasongan ing lirang  
aniyung paran curine  
anilas kumlasewuh  
wed juk langka trabasan trebis  
tinrimbaga anyangga  
bagiyaning kewuh  
wuryaning tan kena kambah  
kambengan mangol angel durgama galin-  
galintunganing sela.
4. Singluk-singluking durgama rusit  
srana kasrambahan wungkal bajra

anjrih anjro wiwidane  
adi doning asamun  
sumeng ing sumengka lekaning  
lengkep langkarakena  
ingambah lalaku  
kukuh kayangan durbala  
baliking palingga logawaning dadi  
dalam tan kena sinrang.

5. Sinrang ing paran saparantining  
kaliliraning anilas tilas  
tiliking kewuh kuwate  
kawileting ngaluyu  
layaking kayangan nayoni  
kenaning kumarasan  
sakehing lembut  
lumembak mamek kancana  
ceneing tan kena ing andon arasmi  
asmuning rit karoban.
6. Bawaning sungil singer asingit  
singidaning sakyehing durbiksa  
baksana tana liyare  
liyuning durga kewuh  
kawurya tan parang acuri  
curuganing ernawa  
aweheing awantuh  
wantu wantering kaparan  
pangrabasaning arus anras nempuh ing  
parang grong asiluman.
7. Lumayad sakyeng wiwida wati  
wadaka duk kadungkap kedekan  
kadulur ing rit sungile  
singer sereng asingub  
angupadi adoh adining  
asrama ing samadya

ing arungan kidul  
kodaling kadling katawang  
tuwuhing karang bajra lumapis-lapis  
angideri patapan.

8. Samangke Setraganda duk lagi  
alunggu lagah ing aluwaran  
ing sakehe panadyane  
rehing sampun atuwuh  
kadhatengan siptaning wisthi  
saestuning tanbalak  
baliking tinemu  
katemahaning pangarah  
karane samangke sampun samantaning  
arsaning adhayohan.
9. Yomana tan talangke ndhatengi  
ing uyan Sela Mangempeng mila  
sang Setraganda wungune  
angirabaken rambut  
labeting kabladhugan siti  
satuhu lir panguwal  
ing suwar ingedhuk  
kaduk ing agoring sabda  
kaduging tana slaya tinon pandeking  
netra rakta lir surya.
10. Nembe umijil tan beda kaksi  
sisipa kaya ora angkara  
kaya ing saupamane  
mangkana syama kumrut  
kumrabin wulu angibeki  
angga manggih tan iwang  
winangwang kadulu  
dalaning angimponana  
amutera bala sakyehing dhedhemit  
kabawa kaparentah.

11. Tangeh yan ucapena kalaning  
 mangke satedhaking gara-gara  
 anekakaken turune  
 angin jawoh aribut  
 rebahing kakayan tinub ing  
 tedhaking pancawura  
 wurahan alisus  
 sumahab ing jagad kaya  
 kayomanan ing mendhung peteng lir wengi  
 kawengan ing prabawa.
12. Wayahing tangkas teka katon ing  
 tinon atapak wayang-wayangan  
 ing Amadadya ngajenge  
 Setraganda andulu  
 duloning suwarna apekik  
 menggeh pangkating natya  
 panceding acucud  
 cumandhak pandeking baya  
 sira sang Sukmandara sang Sukmandari  
 ri sedhenging sinapa.
13. Denira Setraganda kaduk ing  
 arum ariri wimbaning sabda  
 adaning aglis tinaken  
 saking manira tambuh  
 pakanira satriya pundi  
 milaning katemahan  
 mariki arawuh  
 memba ing katur patapan  
 punapa baya kang sinedya ing galih  
 rehing tambet manira.
14. Yen ta botena damel kang gati  
 kados dimapa angrawuhana  
 kasasar ing nggen ewuhe  
 wayaganing tan luput

puwanten anrang bancananing  
kamasakataning ang-  
ga ungguhing kewuh  
eweding aprang apringga  
panggagaping anggep panggepoking amrih  
ambuncal ing raharja.

15. Arju ing ngalampah puaraning  
tan linirik lire kang ingambah  
ambutuhaken lakune  
ing wong kang arep weruh  
yen oraa kundhangan maring  
dewa dawaning mangsa  
kongsiya kalebu  
lembaring pangupadaya  
yaktining atintrin panilasing toli  
tan tulus ing panadya.
16. Anjajana pambela cedaning  
anikep pambekaning pamaksa  
mangsa wandeya wekase  
linayading alayu  
layak koder kapindhingan ing  
animbulaken ing mar-  
ga manggiya wilut  
**lungka kularang karaban**  
rempet rambating wungkal sambau mingis  
menges lir rinancaban.
17. Renceping aciri caritaning  
anitih titiging durgatama  
tumon ing mangke temahe  
pakanira kalebu  
liwat dening gawe gawoking  
mulat mulunging panglang-  
kara kongsi rawuh  
mangkana pangucapira

Setraganda dhateng satriya kakalih  
ing kang anembe prapta.

18. Tan antara kasiliban saking  
sinamar ing panguninganira  
Setraganda supayane  
lagya akarsa nambuh  
anambat ing ujar kajoring  
kawaoning umulat  
mulunging pitambuh  
tebah ing pundi sasana  
mulang ling sang Sukmandara Sukmandari  
aglis sabda wangsulan.
19. Yen ndika sanget katambetan-ing  
dhateng kaula ing kang asrama  
Arga Sileman wastane  
mila kaula tuwuh  
kalampahan dhateng mariki  
ing pandya kaula  
ing salaminipun  
kapengen amanakawan  
dhateng putra andika sakalih mugi  
adarbea wilasa.
20. Saking kumaya kayaning ambrih  
amaksa ing kedheh sinampara  
sotahing manah dhamange  
mupu ing bodho bingung  
supantening kapengen rabi  
lebeting kamangkara  
kabedhaging napsu  
supados linadosana  
mung pinten bangga ing kang kaula pundihi  
sih wilasa andika.
21. Karanten boten angetang maring  
kang dados kamasakataning ang-

ga nggih saking geng raose  
manah kaula kudu  
anglampahi malak mandar ing  
kawenganing dhadhamang-  
e kaula suhun  
pinten banggi yen kongsiya  
karsa manaha kaula susukeri  
badhe lulumayanan.

22. Yaktose manah kaula saking  
rare tan andarbeni panyana  
ing angilari sanese  
kang kula pendeng langkung  
meheng putrandika sakalih  
kang kula ajap-ajap  
ing rainten dalu  
lulusa ing jatukrama  
mugi sampun wonten ingkang andarbeni  
sanes saking kaula.
23. Mila kaula boten anglirik  
sakiting badan yajan ing pejah  
sok ugi katemahane  
sotah karsa amupu  
Setraganda aglis mangsuli  
heh bagja kamanyangan  
yen sabda satuhu  
sumilih rasa manira  
boya kempa kumapalang ing ambri  
mamantu nganak-anak.
24. Kalangkung dening reseping galih  
boten ndarbeni panyana-nyana  
aciri cidra wekase  
yen ta boten satuhu  
ing ujar manira puniki  
pasthi nerang cetraka

ning Bathara Guru  
dadine mengko ki anak  
sakalih sami manira turi maring  
Kayangan Setraganda.

25. Sira Sukamndara Sukmandari  
amituruti sabdanira sang  
Setraganda katemene  
adan wiyang agupuh  
mangkat saking nggening alinggih  
laganing kendhang kundhang-  
an prabawa nurun  
rusaking kayan kyeH rebah  
arubuh kabarubuh katub ing angin  
angenakaken udan.
26. Ucapen Dewi Lodhaya sami  
alinggih layan Rara Tunjungbang  
kapaning tyas pamleke  
ing asmara kung lulut  
tan kaletan panduking eling  
kaelanganing kang ondhan-  
nan sadhela lumuh  
lan Jaka Sumarandana  
ngenakaken sakapotanganing ati  
tiwas ora asiya.
27. Sipi tiwasing ora atoli  
kasarik ingkang duwe prabawa  
ing guruh kidul mandrane  
anilasaken tuwuh  
ing ora kumarasan maring  
sanggone kang sinaba  
ambiling pangungun  
kena ing asmara unang  
tan angenangaken yen oraa uwis  
tinemu babarengan.

28. Bara kena amariya dening  
tatrapp mandi jampining panulak  
pan alangka tatambane  
liring wong kenang kucur  
ingkang wis anungsum andaging  
ginawe apa yen no-  
ra atemah lulut  
milane manahira sang  
Dewi Lodhaya Rara Tunjungbang sami  
akundhangan asmara.
29. Dewi Lodhaya amuwus aris  
ataken maring Rara Tunjungbang  
atinira kaparehe  
ora ndeleng angrungu  
pawartane kang anduweni  
prabawa guruh mandra  
ing kidul anglantur  
Ken Dewi Rara Tunjungbang  
matur thi kula si boten kedhang-kedhing  
wikan boten uninga
30. Sampun kudu yen parek sadhidhik  
teka suker yen dentinggal sungkan  
sengit temen pangaruhe  
wong apa baya iku  
sok agawe keseling ati  
badhene durung puwas  
angedoh angaruh  
andiraken sumakeyan  
enggih dhingan yen ketang sengiting ati  
moh duwe kapotangan.
31. Ing si kuwen ling teka ngewuhi  
srebibating ilag yen duwea  
sakaken samendhing dene  
ora getun angungun

ora kudu nadya ing ati  
kena arep sun buwang  
satengahing laut  
wedi kampiran amawa  
kapotangan maras tulutu mbok toli  
ora kena tiniwang.

32. Jing tanpa laba dadiya toli  
kacanthel kagaris kapracayan  
la ku dene katonsonone  
pantes kaya kapaung  
jing saparti eman ing angin  
bula ora nyiluman  
alaku lelembut  
enggih ta bonggane raka  
Dewi Lodhaya mangsuli muwus aris  
mulane ngambat-ambat.
33. Wong kang ora weru ora kedhing  
bula tala isun among sanak  
lan guruh mandra langene  
pon ora temu lawung  
teka ewuh laku kang ati  
lambanisun mengaa  
raraan sumaur  
ujarisun maring sira  
wuruk kedhing iya mangko sun wangsuli  
sakehe abanira.
34. Jing tan bara mbebegaken ati  
metu ora bisa ararasan  
bula kampiran wartane  
iya mbesuk yen isun  
kawengan katekan menangi  
kabeh pangangkanira  
jeh arep sun tutur  
sira Ken Rara Tunjungbang

matur pema sampun ndika tutur enggih  
sakabeh aba kula.

35. Andon mbesuk kula popolihi  
bonggan jing wau ndika ngandika  
sambat ora wruh wartane  
kaya wong ora wawuh  
amrih ilang ora kagaris  
mesakaken maningan  
pangemane kawur  
tumiba ing tawang tuwang  
umbanging wong ora na kang kandheg kampir  
teka tan bara welas.
36. Ken Dewi Lodhaya amangsuli  
ai iku dene babalikan  
sakeh abane lambene  
rarasan apa isun  
teka talah sira ngarani  
amrih ilang anawang  
ing langening guruh  
turan kang mongkono sira  
sasuwene kongsi kesel anauri  
maring panggamilira.
37. Kongsi ora bisa anadhahi  
saking embuh ijab pirang-pirang  
ora karuwan itunge  
ora kaconggah niru  
yen atura panglingsiraning  
ing kang kelangan ing la-  
ngening Batulisung  
yen ta jeh baya pareka  
saking kene age-age sun parani  
anutur ujarira.
38. Rara Tunjungbang mesem tur sarwi

megos raka si teka aleman  
iku ta ari tahane  
denprij ewa ing isun  
mbok punapa bareng nduweni  
padha sadhidhik sewang  
ing langening mendhung  
sampun makmak kadrawakan  
kula dene arep ora ndika wehi  
maksu enjuk mbok apa.

39. Teka ora isin ora kedhing  
andhahesel lah ing mburi ndika  
Dewi Lodhaya wuwuse  
bocah pa sira iku  
ora duwe isin samendhing  
cangkeme yen rarasane  
sok sawetu-wetu  
angumbar kang ora-ora  
ngalem dene Rara Tunjungbang mangsuli  
bonggan jing ndika maha.
40. Meneng bae dene kula enggih  
titirone wong sangguni ika  
ambisu ora na bane  
sok ndika badhe bendu  
tandhane si ndika mimiti  
ingkang ngajak rarasane  
nutur tambah-tambah  
Dewi Lodhaya ngandika  
iya ningan tambah-tambah iku silih  
binadhe je oraa.
41. Ngurung awake dentinggal dening  
angen-angene aguladhran  
iya mongkono orae  
kaya yen ora luput  
ing pambadhenisun saiki

atmane asasanjan  
maring Batulisung  
amuwus Rara Tunjungbang  
enggih mangsa adoh lan kang angarani  
jing pantese kapadhan.

42. Danguning sami imbalan angling  
kasaru ri tekaping prabawa  
awantu-wantu tedhake  
pandek mendhung āsingub  
sumahab angibeki langit  
teja mendhung makilat  
mawangkawa kuwung  
kawangwang wimbaning tuban  
ardya dresta mamres gurniteng tempuhing  
sagara kolu kombak.
43. Kombuk kobah bayu bajra manrik  
anrak nrabasa kayan kyeH rebah  
kobah pratala bleduge  
tulya alatu-latu  
bubar katawuran sananing  
kenas angenes kenas  
umregil anglayu  
munggying jurang jro asimpar  
kaparan kaprawasa kawahananing  
wanter truhning prabawa.
44. Wantu widagdaning sujanma di  
dibya kabyatan myating kataman  
tamaut patang pantare  
prapning jagad kapilu  
lumayan layu yomana lir  
larap panglalar kadya  
tang maweh panguwuh  
wuryata gatra songkawa  
watgata gatita atasusirnaning

gara-gara wikara.

45. Karanten Dewi Lodhaya kalih  
Rara Tunjungbang sareng tumingal  
dhateng prabawa tedhake  
anyageraken rawuh  
ing kang ibu luwaran saking  
unggyan batur patapan  
pan sampun rumuhun  
pitungkas sang Setraganda  
yen wenten piturun udan lawan angin  
kang sinadya mikena.
46. Kenaning kang sinadya nekani  
dhateng ing Kayangan Setraganda  
adan ing mangke wayahe  
katingal ing kang ibu  
tan tebah len satriya kalih  
madadya sangajengira  
ing sang srining ayu  
Dewi Lodhaya Tunjungbang  
enggal tumedhak saking nggene alinggih  
kang ibu pinurugan.
47. Anamur sumyaring manah kengis  
kasusupan ing oneng kawayang  
manda apa lelewane  
kang anadya anglalu  
apapati awak kedaling  
lambe banget aleman  
sanggupe satuhu  
anadya amanakawan  
maring raka baya alah wis angarti  
yen ibu kang tan suka.
48. Tandhane lawas andoh aningkir  
ngungkuraken wong kang kudu semang  
bula ora betah aneng

onggoning tanpa batur  
anang taman tamaha dadi  
rumaksaa kratala  
paranti nanapu  
yen ta ora kalakona  
pantes temen ujare mralayu mati  
korugan pringga jurang.

49. Parimananing dyadi anilib  
anglebaraken natya kemengan  
atma tumanduk tindake  
gawe lagata lamun  
wimbaning sih pipisah lami  
oneng tan sinayutan  
wadosing apupul  
anglingga pada nayaka  
ning sileman sestu sudarma sang putri  
Bikseka Setraganda.
50. Lantunganing treh mukti binangkit  
angagetaken tembe winulat  
anglot pangudyasmarane  
baya ta anakisun  
anggegeki anguni-uni  
inante kinistawa  
layaking saungguh  
pitambah ing babakalan  
sipi apa yen oraa kapadhan sih  
ujar aning panarka.
51. Bagya ta nini nipuna saking  
sigug pagenahing kakurangan  
winursita sainggeke  
amatek yoga lulut  
kaletaning rawat minuji  
jarwa ujing biyang  
bayane angrungu

sembira lawan yomana  
meneh sakareng manengga weka kalih  
mangrenge sabda manta.

52. Adan kang ibu amuwus malih  
ayya kabetambah iku sapa  
sapala olih-olihe  
lawas isun anekung  
aningkiri bawa amukti  
matek tadhah tandhingan  
saha saka lulut  
dumadaking kaduluran  
aja semang iku jodhonira pasthi  
kinantha kucumbingan.
53. Inggang dinuk pinondho ing becik  
pecaking sumun pangaksamanda  
kinekembar papanganten  
kinedhapna alungguh  
ing compok sasuruping karti  
tinutmenggehing wedra  
katemben mamantu  
tustha endhaning mohita  
tapak yasaning anekung pinten lagi  
wirya anggamanira.
54. Kang dinuking panambroma yakti  
tan kober ambrih kiwuling dama  
asaure tindak intare  
atarateyan tuwuh  
kang papatangin ambauni  
tambas tekap tan kocap  
ing sana sinawung  
samarga kaliyan asta  
kyehning opya dhedhemit manglembut alit  
yungyunen duk umulat.

55. Tidhem sakareng rumancara lir  
panyewehing jagad manohara  
bisan alaksa saktine  
sapa wruh sapa tumbuh  
ika ta sang amurbeng bumi  
tan len Bikseka Denta  
Nyi Gedheng jinungjung  
anjangkah murba drubiksa  
dhik tulya lot mawa meweh sukaryaning  
ambayangkara weka.
56. Aninggang dyaja tabehan atri  
banget sumingkar saking abawa  
kamanusan niskarane  
tan kewran pindha jemur  
sumahabing bana ngarasti  
triloka atandhingan  
saweganing ungguh  
lawan dyaja Bandarakta  
duk amrepe nata Niwata kang dadi  
gegedheging buwana.
57. Gurnang gurnita gelap makothi  
laksan ibekan tulyandakara  
utpatayapati mangde  
tekyan apindha jemur  
bur buasya saksat giniling  
gumulung kulilingan  
lir atandhing eru  
rurah teher sing anandha  
ri radya jumurung srah kayomananing  
sang Adi Pariminta.
58. Iku ta dhinapur pikenaning  
aninggang bawaning kamanusan  
sinadya len pakolehe  
apaceh datan samun

panggaluring gereh aganti  
kaya angrerehena  
ing lisus kapusus  
ngeses pamenggahing jagad  
kaya smuning kagawokan aningali  
kyating budya wirawa.

59. Tan ucapen luntaning artati  
antaraning kadulur binisah  
ambangkat kasantosane  
yanten lyan kang winuwus  
dhapuring kang sedhik akingkin  
tan lyan sang Sumrandana  
daraning kalulut  
kaletan meru dahana  
dimapama weh dhangsan ujar ngingisik  
kontap aning pangajap.
60. Pamaksaning awet maksih urip  
sarana delap tinubing papa  
bula ora wekasane  
layak tinundhung-tundhung  
apracina ningkir anepi  
anepak kamangkara  
**wikara kaluruh**  
pangrerepaning bancana  
ceneh cinacampah parandene maksih  
maksu angela-ela.
61. Alining kawalatron sauni  
pinapaceh pacak cumanthaka  
kalawan guruh mandrane  
tinegeran pangguguh  
pasambating anangi-nangi  
nenggeh sambating yayah  
yomana kapupuh  
kapules minangka denta

ing durgama mila mangke amrih kothi  
jenek wonten ing taman.

62. Amanting yoga gawe pratili  
pajarena ateken mohita  
tanpana ji sopanane  
angarepaken tangguh  
pamaksaning ina angkis  
tinawan panggayaga  
puara kabutuh  
ambetahaken sadarga  
marganing anglampu kapusaran dening  
oneng tanpa tuduhan.
63. Bari kasa kasogan ing wingit  
sanget kena ing bendra angarang  
karurungan pangriringe  
sanes saking angamun  
pangamening uman sakawit  
kawoting parimana  
baya kang sinuhun  
angsehen guna pambeda  
mandining tan besur agawe edaning  
papa pindha wilapa.
64. Kang sun pindha suwarnaning adi  
andarungaken cabar kasmaran  
sipi rereh pamawase  
ing rupa ala muput  
jroning carmin camana mesi  
sipi tiwas amawa  
tarimaning kambuh  
kaburi ning saniskara  
pambawuring suwarna pelag alindri  
dyidya nayaking rat.
65. Tan pakantuk ondhan kandhehaning  
edan angame andama-dama

sun kawulani pandohe  
ora boda anuhun  
tempuh wangen wewenganing sih  
wastra lukar karantan  
sigeg ing pangugu  
ratenging amanakawan  
kawaon ing sudra tan kober kawleg ing  
dama angela-ela.

66. Embeh tan tahan pira saraning  
ambetahaken semang kedekan  
anungku wekas asore  
wira sakti anuhun  
anaheni rundaka silir  
singlar saking panyetha  
kanthaning denayup  
nanging dadi bubuwangan  
bula ora katemahan anglakoni  
piyatu anang taman.
67. Parentahira kang sun lakoni  
kilusuh leseh angarsa-arsa  
ateken warsa wekase  
anging anawang mendhung  
kapinengen angen ariris  
angres angrasa-rasa  
kaya awakisun  
sumarira ing bawana  
wiyang tan rumemben katemper ing angin  
buyar tanpa tuduhan.
68. Ketang asoring badan tanpaji  
angajarena adhem kauban  
ing rajasandul kandeke  
kadalahan pananguh  
angeraning ron pan nedhenging  
sehen asari sekar

diwasa rumasuk  
sesek gampanging atanggap  
tangginasing pinapati ambek asih  
pinupu kinawlasan.

69. Sadanguning alin<sub>bbin</sub> wonten ing  
gigilang kasongan ing rajasa  
juga len panakawane  
awasta pun Pangrungrum  
rinerepa ginawa ningkir  
anepak kasantosan  
kalepit ing ungguh  
angga cinacak kapesan  
kapules ing unang anahen kung ragi  
raga leseh kasmaran.
70. Irika sang Sumrandana angling  
kalingane mega ngemu udan  
ora kanten katempere  
dening utara lisus  
kasisipan kang angarani  
remen anawang-nawang  
ing kandeling mendhung  
ora mendha katanehan  
anukma sengkanya anyana koripaning  
sudra angarsa pada.
71. Apa ta len kalepit ing riris  
reseping wong karasa kauban  
dening warsa ngres tibane  
bula toli kujumus  
parandene banget kapati  
ora mantra angeman  
ing badan sasurup  
lebur karem ing dyahana  
sok uga kosap patik murda kalingling  
anuhun padanira.

72. Adan asaur gatos wimbaning  
atur katunon wanter tan layak  
pun Pangrungrum pangartose  
mila atemah konus  
supaming kedeñ andasih  
binten ta dereng kalam-  
pahan nurut sanggup  
arerehaning kadaman  
sangat kedeñ darbe pracanten ing galih  
ing dyahdi kinadaman.
73. Dumadak benjang supe pinilih  
leheng pundi sami tan umana  
pinrih papa saendenge  
bonggan jing amemecuk  
pecak menggeh kaula jawi  
rehe kinadang-kadang  
sami listu ayu  
adan kang dinuk ing syara  
surasaning ketang wijilaning gosthi  
baya ta lagi apa.
74. Bandaranisun karo kang lagi  
tinub kabyuhan ing kawibawan  
dimapa ana elinge  
maring wong akilusah  
lawas awir wedi kikirik  
angajap siyanira  
aning si Pangrungrum  
kaponto tan wruh ing dalan  
dangdanane jih ngajak aniwang becik  
sawadine ngagema.
75. Atemah gujeng kang dinuk ing ling  
kelangan ing ati ujarira  
tinemua raketane  
kaya kang wis angukup

- gawe papa maring wong mukti  
 amung si kabukira  
**dawa anglalantur**  
 kaya wong pantes pinala  
 salawasing prajaka amung paranti  
 ginawe pasambatan.
76. Pun Pangrungrum gepeh amangsul  
 seweng saking kinten katambetan  
 yen punika langkung siye  
 supanten ing panangguh  
 kambengan ing winarga kalih  
 winardos dening rena  
 kang dinuk ing atur  
 tangeh endhaning kasmaran  
 datan besur amriyembaeng gali  
 kawleg ing kawiyogan.
77. Amarung raras rikang tekaping  
 codaka kalih saking Tunjungbang  
 ambangkat adan ature  
 ya kang listu satuhu  
 satemening amarantani  
 embeh prabaning taman  
 unteb kang tinemu  
 amatek yodha kendahan  
 awantu kabaran kami tan pinanggih  
 gusti pun Gratangarang.
78. Kalih pun Tenungbarat tinuding  
 ginggang ginereksa pangajengan  
 pinitungkas dik jengkare  
 anjangkat jleg apanduk  
 rawuh gatra kang pindha lingir  
 dhateng Radyan Tunjungbang  
 bagya ge sumuhun  
 umiring patik tinuta

- leberaning akula rupa angrinipi  
tan Iyan meheng jengira.
79. Adan amangsul sabda aririh  
kang dinuk ing atur kartawara  
ing apa cabar tinalen  
lawan ujar panggunggung  
denwayagah inaning dasih  
amemep tibra makundhang  
kadhepan ing ewuh  
tegep atanggap pasambat  
adan wisata saha codaka kalih  
len tangtening tri wandan.
80. Tan open wiyangira sang kadi  
trenggana ruruh tilem kambengan  
ing maruta makin ta len  
asra samirana smu  
kapitunten lir angipasi  
ing jatmaka tanehan  
sang angsana wuyung  
wiyang saking pakikiran  
rasa-rasa sajangka gawe oremin  
taman wau tinilar.
81. Ucapen pan nalikaning bangkit  
angagetaken padhaning yoga  
anggelar guna kasakten  
kaduk kaju angukup  
kogal kagem ing asta keru  
wenang ngadeg durdyasa  
saha sapinujung  
dening dhedhemit buniyan  
kinawasa katoging angudaneni  
saderenging pinajar.
82. Apangarah anundhung lan aris

korusaning ambek panggagampang  
kaduluran panadyane  
anjaraken tangguh  
tangginasing agawe becik  
mila sang Sumrandana  
dinayan tinundhung  
kesahe saking Tunjungbang  
wus dinuga agawe malang semangi  
meka binayangkara.

83. Pinedhek wonten wijil ping kalih  
irika Nyi Gedheng Setraganda  
pinten lamine ing mangke  
tansah anawang mantu  
patitise ing putra kalih  
aja watek prasura  
ing tindak salingkuh  
langkara binaekena  
barang kang dadi besan mungguhing laki  
salayak singlarena.
84. Sadanguning putra mantu kalih  
sami alinggih jajar satata  
tanpa cocol kacelike  
tansah ingamu-amu  
panantanging wibawa mukti  
pinambrih ambabana  
kang tan wonten tuwuh  
ing padhaning nayopada  
patakoning mratuwa ing mantu kalih  
wijil aning wacana.
85. Inggang dinunung telenging ati  
kajumanira menggehing wedra  
yen wontena pakewede  
ing manah badhe konus  
nusahaken kiranging mukti

yaktos sanggemanira  
enggala kapupu  
amunah manah dukita  
datan sanget gunturing marma gumati  
abangun pariminta.

86. Adan umatur kang dinuk ing ling  
kalingga murda angleb ing buja-  
kramaning marma tan panten  
ametek bretya kotuk  
katitik ing pangaji-aji  
anjarwakaken warah  
ring tan adalinud  
nistu reh nirna nirmala  
malele yaktos dados kaliliraning  
patik pun Sukmandara.
87. Aganti wuwus sang Sukmandari  
rumasuk lumrah ketembing angka  
marma gumatos dhawuhe  
ing yodha kang sinawung  
pinapaceh putus tumitis  
anut tepa tapakan  
tingkah kang sinuhun  
anampa sabda pasambat  
sambuting atoh jiwa walesaning sih  
amatek kriyamanta.
88. Adan amuwus ratnaning puri  
wangsul ing jaler kalampahana  
amanggih istri tur lare  
kang pangandika ibu  
kacepetan kinarya bakti  
atut wijiling warah  
sambulihing kakung  
banggi punapa kapyarsa  
cepenging amuhung ing titiyang tani

tuna tinub ing cabar.

89. Pangalapaning wadon sayakti  
adan amuwus Rara Tunjungbang  
mbok ana kalampahane  
nganggengena pangungguh  
kongkulan ing wanda tinampik  
wawantoning wanodya  
sakaro karuru  
kanggonan ambek candhala  
kacelik ing tutuk ngenakaken ati  
anggering ora bisa.
90. Adan amuwus kang ibu dening  
kadunung ing kedal kadalahan  
loking akeh sambuliye  
ing laki bisa bangun  
wewenganing agawe becik  
anemu saupama  
anggeraning ungguh  
kinulan nadya tandraka  
wit awatek kulina ora boseni  
jinurung pinralemba.
91. Tinengenaring andura westhi  
angasre watek manta waspada  
manda adoha temahe  
kambengan ing panguwung  
kapengeng ing angastha lanti  
aulah pangintipan  
kasilib ing dangu  
angudaneni pratisya  
sinusunan ing pangamer asamadi  
medaning anta suksma.
92. Adan atandeh dayaning kengis  
sakonjukung anjarwa apajar

anyaru lampah tekape  
patik yongka ingutus  
kantenaning rawuh ingiring  
bari ta kang amindha  
waranggana nurun  
kampeh wonten wiyos tiga  
tangginas ing sobawa jengkar umiring  
atilar palenggehan.

93. Gepeh wimbaning wacana riri  
sapatingalaning kang anadya  
atampi sabda sandenge  
mareneya wong bagus  
banget kangen si biyang dening  
lawase ta kewarsa  
ora ning tinemu  
tamahaning apipisah  
basukining mangsa iki sun prih kongsi  
teka maring ungyannya.
94. Ugyan amene minangka lewih  
kang wus lawas isun apipisah  
sapira kawekasane  
dening bagya anulus  
kalis saking bancana sungil  
angel kinedalena  
ana apa mau  
pangartinira sun undang  
kendhanging wau codaka sasampuning  
sang asrama winulat.
95. Linggih tan tebah len sang mahadi  
adan sabdaning wimba wangsulan  
enget gantosing sinarwe  
saestuning susunggu  
kembehaning linuding manis  
anrus murda satmata

nistawa sumuhun  
tustha anglepit kanisthan  
kanthaning kangeng tumampa leberaning  
wirya anampar papa.

96. Pateh inunah inaning dasih  
andasa warsi sudra tutular  
lering asor kasasare  
kaselapan atuwuh  
panyananing kena aningkir  
saking layaking urak  
sanggone angrantun  
tan wun amatek kainan  
kasurup ing sambewara neletehi  
anrurusebi jana.
97. Kang jinor ing palembana angling  
lumangka doh saking sasawungan  
yen oraa panggawene  
angga listu tinuwuh  
pinapaceh kotuk katitik  
tinetek tan sarupa  
pangintipaning wruh  
amapagi ing paningal  
angelangi ceda datana pinanggih  
lulusa jatukrama.
98. Pracayaningsun ing sira gusti  
kiyai poma aja kapalang  
ing akadang saendenge  
wruhanira wong bagus  
adhinira karo wis laki  
nanging durung samanya  
tan liyan kang sun tangguh  
temena duwe pangeman  
nanging sira tan wande panguiataning  
sarana kinadaman.

99. Wignyaning anamaraken bangkit  
kaget ategap tanggaping beka  
ora bakal panundhunge  
sanggem kaula katur  
yan tan pantuk patik amurdhi  
jiyading pangilaran  
leheng banggi sampun  
gesang gastraning wangsulan  
gatosing akadang kabarengan dening  
dhemem ulah srinata.

\*\*\*\*\*

## 10. SINOM

1. Tileming raga songkawa  
wau duk amyarsaken ling-  
ira Gedheng Setraganda  
aganal kedaling gosthi  
medal kandel ing asih  
lumaksana ing anundhung  
maraeng Sumrandana  
mandining alampah dhemit  
datan kewran wetning amrit amandaya.
2. Dinayan saking atebah  
punasthekaken basuki  
rahajenging kasantosan  
sok kenasa sang apekik  
papaking amakolih  
asandi daya anundhung  
andhingini pangangkang  
kang tebeng kenas lumaris  
sipi tiwas ora atewas ngagemu.
3. Meng pandhakawan sajuga  
rerancangira sang kadi  
waranggana kang lumampah  
tumedhun saking wiyati  
anjaja sarwa sari  
estuning bagus anulus  
sang Jaka Sumrandana  
widagda akundhang wingit  
enget-enget ing panukmeng daryanira.
4. Ing sawisisun katekan  
temahane ingkang lagi  
gawe dalan kasantosan  
salayaking pinapati  
dahat angrurusebi

ora na paraning tuwuh  
ing wong ingurak-urak  
sok masiya wet aurip  
ora wurung nunukeri srining taman.

5. Lunta ngambah wanawasa  
anut jurang iring-iring  
bawana rumpil apringga  
tunganing bajra umingis  
wungkal galintunganing  
magagindur gamang liyung  
gumulung yan kedekan  
ing burwyan arsa amregil  
srengganing imawan tan kewran ingambah.
6. Kagyat duk wau umulat  
ing gatra apindha lingir  
ing pandarunging lumampan  
atut ing parang acuri  
tangbis puncaking ukir  
prapteng jurang jenging gunung  
mandra karengé syaranya  
nyuda kapandeking awrit  
lyah tulya majro kapaliyenging jurang.
7. tansa nginambah parangan  
grong grong predhungnya umiring  
amurang rejeng dinanan  
dinunung wregul umregil  
mangeh mangungak wingit  
sujika jurang apengung  
liwuhing ngunggul katongtwan  
lepitaning dungus kengis  
tilem prabaning raditya katawengan.
8. Emben durgama imawan  
lewi ing jro lepitaning  
parang grong grong asiluman

tan mantra wratmaka mangkin  
durgama gra arumpit  
rapet pagutan apeluk  
panging taru kaletan  
watu watek gong atrebis  
maweh meweh yoming kaywanan puletan.

9. Singait tan mantra kawuryan  
ing anung angresing trebis  
atistis munya sauran  
tunggereret pareng atri  
len griting pang sanggani  
kunggang syaranya tumelung  
ing rong pareng sauran  
bungasing parang tumawing  
kasaputan pandhan jalma apundhingan.
10. Ngodhadhoh apindha oga  
kengis-ing wastra tinubing  
aliwawar tan rakasa  
aub kasrambahan dening  
rawayan panedhenging  
diwasa dhukut angrembun  
mrak ingkang srang kumelab  
wuryaning katub ing angin  
angembehi adi anglangut winulat.
11. Tanpa kaletan pangajap  
kang tebeng raryan lumaris  
kasongan kayan mangungang  
tanpa na yoga pinanggih  
meheng kalih riringgit  
rare wasta pun Pangrungrum  
atut wuntat tan tebah  
tembe mangke angraosi  
kampeh amyarsa aturing panakawan.
12. Leng sami wangsul ing taman

malar antuka marganing  
angongasaken sasambat  
ing titiyang kinamarmin  
careming kang akrami  
dan kang sinewaka muwus  
benere ujarira  
yen isun masiya denprih  
kawartaa maring jungut pasiraman.

13. Isun kalakon denurak  
iya saking melelehi  
aweta jenek ing taman  
mbak katemah **nunulari**  
maring murtining adi  
masingan mbok mawa runtuh  
kalising sarya kangsa  
tan sun dohana tumuli  
dadi sumelanging wong binayangkara.
14. Danguning imba wacana  
anangso ngres sak kasarik  
tanpa na rereh kawayang  
nguni pangudyasmaraning  
sang kadi cucur anglik  
lan ah angarah umulun  
apan datanpa na lyan  
anglod ngajap sintarasm  
tanseng lesu mangres saliring winulat.
15. Abangun pangela-ela  
kalunta angliring paksi  
ing isyadrawa maduma  
madana manising liring  
tan awiyang yan dadi  
sangkaning urip andarung  
tibra mangajap tawang  
tuwang rarase atiling  
katalika talutuh lya tamu yana.

16. Angaling ambrih ing tanggap  
ing kapat patraking riris  
padhaning amuja brata  
ora bina tinemuning  
aweta masi urip  
datan kogug aning maeru  
pati ing pringga jurang  
kongkulan wungkal gumuling  
kalepating papa apandha wilapa.
17. Tan wande ing pangulatan  
manawi kalakon kongsi  
isun wruhing warnanira  
aja semang anduweni  
ing ambek apupuji  
ing pasamayan asanggup  
balik ta wuwuhana  
mbesuk yen tinemu maning  
adining rengu ladak cangkulangira.
18. Cagerena ing amawa  
keder intaring lumaris  
ing ajer lejaring natya  
tan kena sun ucap maning  
kala wiyosing runtik  
ana ingkang sira pundhut  
isun tuwuh langgana  
saleder aminangkani  
lan tan ora pilih lawuhing luluyan.
19. Mara gusti dayanana  
si kakang ambrih pakolih  
lali ing kendahanira  
supaya ora adadi  
langgana pinapati  
amudhokaken tinundhung  
gusti prabawanira

agawe edaning dasih  
andasa ginasa genah sambat sira.

20. Aja runtik sapa tinggal  
ing papa aminangkani  
ing saparentahing rena  
ingkang lagi sun lakoni  
darunaning anilib  
ing pangandheging kilayu  
lumuh yen amuranga  
eman kadunungan tani  
lathinira pangusyaning syah asmara.
21. Daya ing syamangsa-mangsa  
asih ing syaminiran ing  
kasya manawa ingaran  
awin mangso umayagn  
nikang bancana sungil  
lumeng esem sang rena duk  
madik ing apitungkas  
makon puji kaarti ling  
tumulunging katriwandaning akrama.
22. Ayang ngiseni juga sa-  
na sunu tanpa senening  
nirca eng pati mangkana  
candhakira sang apekik  
mila gepeh lumaris  
angaras pada anglangut  
amor ing kalangenan  
ing aldaka kedekan ing  
sumengka anrang inggripaning acala.
23. Dados sudra sapa sambat  
dalidrah anamur wingit  
sadaya pangudyasmara-  
nira kawerat ing tulis  
menggeh tambelang gadhing

adan tampi pun Pangrungrum  
ri sampuning palastha  
mojar sang bagus linewih  
iya isun atut ing saujarira.

24. Balinisun maring taman  
sisilih Tambelang-gadhing  
kering dening lakunira  
sira lungaa tumuli  
anadya sun anteni  
mbok ana kang sira temu  
yogya api oraa  
dhemita laku anilib  
pacuwan kawanguran ing lakunira.
25. Amara catur bujangga  
mas geng krura dhastha mingis  
lidhah tinub ing ratna grah  
liwraning lidhah kumitir  
ing guguritan iki  
dhalangena mungguh tutuk  
supaya kapendhaka  
dening kang sun prih ing tulis  
mulung ing lungayan ing karsa amaca.
26. Apaceh doning atampa  
pitungkasira sang kadi  
tal madu kuning wilasa  
tulya suwarna amanis  
jaiting netra lindri  
tanpa tandhingan ing musuh  
tulus tulyatmaja sang  
Maharesi Wintaragi  
tanpa na rago panjering kawidagdan.
27. Sedheng diwasa lumampah  
tebah saking doh kaaksi  
tanpa na ara ta bawa

manusa megeh rarya lit  
mawor patraking riris  
kasaputan awun-awun  
silep tan katingalan  
panjoring lebak kacuri  
bajro jurang parung arupit ingambah.

28. Datan kewran ing sopana  
kasrambahan ing janma di  
wantuning katambarukan  
tula-tula ing binangkit  
amurang marga rusit  
karoban bawa dinulur  
satindak ing codaka  
sinangaja anrang awrit  
danananing de sang Jaka Sumrandana.
29. Tularing pan yogiswara  
warata kena sandenging  
urip anirnakken baya  
bayane tan winigati  
gatekena ing wingit  
engetena ing pangestu  
estu sang Sumrandana  
amor ing bendra linewih  
winastanan kadulur ing kawidagdan.
30. Sangsaya kaduk katawang  
megehing rare tinuding  
jiniyad dados codaka  
angemban wirana gadhing  
gadhing kinarya lanti  
tan besar sinuhun-suhun  
asosong durga mawan  
pun Pangrungrum anglampahi  
kinarya duta rasmi angarsapada.
31. Mandining pangela-ela  
tan besar linud ing manis

tangeh dadi kauningan  
rarasing kabiyatan ing sih  
sajuga tanpa tandhing  
tinubing wada kayungyun  
pun Pangrungrum duk kala  
araryan kampeh lumaris  
sajawining unggyan taman sasagaran.

32. Dan yeka adi wasraya  
sujika jinana runtik  
angambul atemah gresah  
sang suputrining mamanis  
wau angawe cethi  
pun Canthuka watanipun  
muwus Rara Tunjungbang  
baya nganti apa maning  
suwening acawis kaya den temaha.
33. Isun teka sumbalinga  
lumaku dhewek gah bangkit  
yajana ora den atera  
malingane wong apingit  
anyedhihaken ati  
pira kadar arep adus  
sabda amancaglana  
mila mangkana sang putri  
sasampuning atrah miyarsa pawarta.
34. Mesem tumungkul kang raka  
sawiyosing angres bangga  
ing laga tanpa rereyan  
ngantos pepeking acawis  
supados sing asangkrib  
wau ing sadangunipun  
sang suputri Lodhaya  
kawistara nunggil kapti  
enggala rawuh linggih wonten ing taman.

35. Kasaru sapraptanira  
wau kang enggal tinuding  
umatur sampun samapta  
syandana atap pasaji  
tiyang saos angiring  
jejel malah sambung bau  
meheng tan sinukanan  
panadyaning atut wingking  
sadaweging cethi kang pinracantenan.
36. Amuwus Rara Tunjungbang  
bula tala isun iki  
maliyan adus ing taman  
teka ta arep deniring  
dure ana wong kari  
ewon kang padha rep milu  
rupaning wong aleman  
sawadining anyenyethyl  
malingane wong ngangatnaken semang.
37. Sedhenging diwasa kenas  
datan kawarna ing margi  
meh prapta ingkang sinadya  
mila ingkang raka klih  
dinaya sadhamanging  
raja panganten tan tumut  
uning prantose saban  
saderenging nambut syami  
yen kala kesah mring taman tanpa rencang.
38. Meheng kalih ingkang raka  
sajuga cethi umiring  
meheng kang pinracantenan  
winastanan pun Kapingit  
lantip ginawe sandi  
sipi tiwasing anemu  
sembir anuju karsa

mila dahat denkasihi  
kasurup ing repit ginawe sopana.

39. Adan mangke kawarna  
pun Pangrungrum lumebet ing  
taman anjujug bujangga  
masgeng krura dhastha mingid  
tebeng kala tinuding  
kinon andokon ing tutuk  
bujangga mungguh kanan  
ing kang sinogan ing gurit  
malar enggala mulung lungayaning dyah.
40. Sang dyah kang pinangarahan  
angasta tambelang gadhing  
ora tiwas ing panadya  
pun Pangrungrum dinuk ing ling  
pitungkas anjejegi  
sinamaraken ing tutuk  
matek yoga kasnetan  
ing anamaring anilib  
sasampuning kalampahan adan kesah.
41. Sumadya wangsul ing unggyan  
ning bandara denlalari  
kaliliran ing pamaswas  
awasing durga galindrin  
anandana rumampil  
marapal wraksa gugmulung  
gumulung ing jujurang  
atumpang tepung atindhih  
lir undhaking wraksa rebah kasulayah.
42. Dadya meses aliwawar  
tulya ngobahena bumi  
anempuh ron mawalikan  
ibekan bledug lumindhih  
lir sumaputing wengi

tulyatma utara lisus  
sendhung riwut prataya  
puh punggel gurnita atri  
pang tang belah bentar kayu kumalrasah.

43. Dan yeka lunta lumampah  
trut marga lambunging ukir  
siti sumare sumengka  
wadaka duk kedekan ing  
rare alit ajulig  
wau duk katingal rawuh  
adining sinewaka  
gepeh denny amangsiti  
pinecut ing liring enggal ingandikan.
44. Suwe sun anteni sira  
kamisawaten ing ati  
ambetahaken pipisah  
kaya anaa sun tolih  
kasatmataning asih  
singa sundeleng sunrungu  
katon ing rupanira  
sasuwenisun anganti  
sarwi murdaning panakawan ingusap.
45. Adan wau kang ingusap  
sumungkem ing pada kalih  
saaturing reh dinuta  
tan katariweng ing tampi  
yomana satmataning  
tempuhing ajat malawuh  
kawaoning amendhak  
ujare kang amenangi  
sang lintua kandhangan rare widagda.
46. Mau ing sawurinira  
kaya arep suntututi  
bener ing saujarira

ing panglunganisun iki  
ginawe pirenaning  
kang lagi wibawa nutug  
tangginasing anyempad  
dadi dalaning abecik  
ing akrama temuning putri lan putra.

47. Tatraping kayogiswara  
ing apa ora kapati  
wedinisun yen masiya  
ya saking isun momori  
adining sarya rukmi  
atemah trenyuh awangun  
cuwaning adipangga  
mas geng kang sun rajawardi  
angadhepaken mandira lungguh wetan.

## 11. KINANTHI

1. Pacuwan ana kang nurun  
poma aja wani-wani  
ing Wawacan Sumrandana  
mbok padha kena ing sirik  
Sultan Sena ora suka  
upama ana kang ngesir.
2. Sanggih kula boten purun  
wedos mbok kening ing sirik  
supantening tinimbalan  
dening pun Lebak wiyosing  
timbangan muging singlara  
ing tulah kalawan sirik.
3. Kaula kalangkung nuhun-  
aken palamarta gusti  
dhateng ing gusti kang sirna  
mugiyana mala martani  
Kang Sinuhun ing Pakung dyan  
dhateng satedhak-tedhaking.

## 12. DHANDHANGGULA

1. Yen ta angajarena pakoli  
kaloli-tah tanpa na wekasan  
kaweleh barang karepe  
apa duduning weruh  
ing abaning kokila muni  
parandene amaksa  
kudu giginau  
tiru abaning sujana  
wasananing ora kongsi anyepeti  
tindak ing kalakuwan.
2. Amung si pamaksaning amambrih  
kapengen bisa tatarateyan  
aja lumaku sandenge  
tansah kasandhung sandhung  
sūsulusur nggugurayangi  
iya manawa ana  
sadhidhik kang nemu  
ratan ning aja kampilan  
dening wedhi karikil wasana toli  
kapilu dening hawa.
3. Pan bobodhoning abawa sakti  
pangenering ala kang amawa  
esak ijab kawignyane  
salasabaning tangguh  
tangginasa gawe celaning  
parandene pangrasa  
kamulyan tinemu  
ora wruh yen kacodheran  
ing kang esak kalipu kalindhih dening  
silibing tanpa nyata.
4. Ando ora kagampar kagaris  
gagarayasen dening cocoban

andina mreti tekane  
bawaning sampang-sampung  
ora kober ing anyantholi  
amung sakedhap larap  
bisa na kawengku  
kaya ta bisa tumindak  
andalahaken dalamakaning sikil  
gegedhen ngaku bisa.

5. Wasana duwe pangrasa kongsi  
anyukupi ing sabarang tindak  
ijab laku pumaksane  
tur maksih santrang-santrung  
salasaban tanpa pakolih  
kang tuwuh pait getar  
ing pangrasa madu  
panyana wruh ing dadalan  
ingkang suker dalam pangrasaning becik  
pon tuwuh panasaran.
6. Prandene teka paksa kumini  
weweruha nyerang dalam padhang  
bula ora sadinane  
sering kena ing kucur  
bula ora denpapasangi  
setan dhemen kakala  
yen wus olih kiwul  
kaweleh manusa jalma  
maring setan iblise berag pakolih  
masang guna wisaya.
7. Bula ta ora uwis pinasthi  
dening kang amurba jagad traya  
ingkang dadi sesengite  
aja kongsi lumaku  
ing masiya oraa dadi  
ing badan kenang saya  
temen nora dinum

ing bawaning kasantosan  
parandene kudu dhemen anjum maring  
pambegalaning lanat

8. Mala wus ora sun ucap malih  
gembanganing kuping lawan mata  
andina-dina panore  
ora kena tinutup  
anangkreti ulah jantraning  
bawaning kamanusan  
mbuh dening sumengguh  
babangkalan ngaku bisa  
binadhe si oraa kundhangan dening  
manut ing pangrancana.

# JAKA SUMARANDANA

Alih bahasa

**R. SOEPARMO**

1947  
CIRCA 1947  
DITJEN PERBUKITAAN

## DAFTAR ISI

: Kata pendahuluan .....	9
1. Jaka Sumarandana mimpi bertemu dengan Dewi Lodaya .....	183
2. Jaka Sumarandana berjumpa dengan Dewi Lodaya tetapi lamarannya ditolak .....	201
3. Sukmandara dan Sukmandari berangkat ke Setraganda .....	222
